Книга должна быть
возвращена не позже
указанного здесь срока

Количество предыдущих
выдач

Узб. отд. РППО «Союз» б/ф. 99-1-90
тир. 4.700.00, Г. П. Зак. Б-22

ҚАЙЫРБАЕВ ЖУМЫРБАЙ, ДОСПАНОВ ОРАҚБАЙ,
ЕРНАШЕВА РАЯ

# КӨРНЕКЛИ УСТАЗЛАР

Очерклер, сүўретлемелер, еске түсириўлер.

НӨКИС
«БИЛИМ» ВАСПАСЫ
1994 ЖЫЛ

83.3 (2—Кар)
К 26
Қайырбаев Жумырбай, Доспанов Орацбай.
Ернашева Рая

Көрнекли устазлар; —Нөкис; «Билим»
1994 жыл, 68 бет.

Пикир билдириўши: Қалендеров М. —филология илимлериниң кандидаты.

Әжинияз атындағы Нөкис педагогикалық институтының 60 жыллық мерекесин усы институтта ислеген устазлар ҳаққындағы китабымызды саўға етемиз.

**Авторлар**

БИБЛИОТЕКА
Каракалпакск. госуниверситет им. Бердаха
Инв. № 438430

© «Билим» баспасы, 1994

## ҮЛГИЛИ УСТАЗЛАР

Жаслар халқымыздың бүгингиси менен ертеңгисин жалғастырыўшылар, аталарымыз бенен ағаларымыздың ерлик эстафетасын алға апарыўшылар, жаўынгерлик ҳәм мийнет дәстүрлерин даўам еттириўшилер. Сонлықтан халқымыз жасларды аталарымыз бенен ағаларымыздың, жаўынгерлик ҳәм мийнет дәстүрлери руўхында тәрбиялаўға айрықша дыққат аўдармақта.

Бирақ еле де болса республикамызда урыс ҳәм мийнет ветеранлары менен, атақлы адамлар менен ушырасыўлар өткериў, олардың Уллы Ўатандарлық урыс жылларындағы қаҳарманлық ислерин, халық хожалығын көтериўдеги үлгили мийнетлерин, турмыс жолларын үгит-нәсиятлаў жумыслары кеўилдегидей емес екенлигин ашып айтыўға тийислимиз. Ҳақыйқатында, урыс ҳәм мийнет ветеранларының, ҳәзир арамызда болмаса да, өзлериниң үлгили ислери менен халық ядында узақ сақланып қалған әдиўли ақсақалларымыз бенен ағаларымыздың турмыс жоллары жасларға үлги боларлық жанлы турмыс китабы десек асыра айтқанымыз болмайды.

Әсиресе, ҳәзирги күнлери бирге ислесип атырған, гейпаралары ҳүрметли дем алысқа шықса да, еле де болса, мийнеттен қол үзбеген урыс ҳәм мийнет ветеранларының, ақсақалларымыздың жасларға берер үлги-өнегеси шексиз. Олар мийнетке ҳадал қатнасы менен, жоқары моральлық минез-қулқы менен жаслардың өрнек алатуғын жанлы бейнеси, көз алдындағы ҳақыйқый шамшырағы, олардың сөзи жасларға мудамы ақыл ҳәм нақыл.

Мәселен, Генжебай аға Убайдуллаевтың 30-жыллардан баслап мектеплер ушын дүзилген китапларын ҳәзирги ўақытқа шекем баслаўыш класс балалары оқып, саўатын ашты, оқыў-жазыўды үйренди. Усы

арқалы қаншелли бала илим-билимге қолын созды, кебиси соңғылықта республикамыздың көрнекли ис-керлерине айналды. Сонлықтан олардың Генжебай ағаға деген миннетдаршылығы шексиз емес пе!

Халқымыз Генжебай ағаның мийнетлерин жоқары баҳалап, республикалық муғаллимлердиң билимин жетилистириў институтын соның атына қойды. Бул халқы ушын өз өмирин арнаған ер азамат ушын жоқары баҳа, үлкен ҳүрмет!

Сондай ҳүрметли ағаларымыздың бири—педагогика илимлериниң докторы, профессор, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстанға мийнети сиңген илим ғайраткери, СССР Педагогикалық илимлер академиясының Крупская атындағы медалының кавалери Жүмек Асқарович Орынбаев еди. Бизлер көп жыллар даўамында ол киси менен бирге ислестик, бирге жүрдик. Оның машақатлы ҳәм қызықлы турмыс жолларын өз аўзынан талай мәртебе еситтик.

Ол әпиўайы аўыл баласына педагогика илимлериниң докторы, профессор дәрежесине шекем өсип жетилискен бирден-бир әдиўли ағаларымыздың бири. Сонлықтан да оның менен бирге жүрген, бирге ислескен жылларымыз, оның бизлерге, жас муғаллимлерге, берген ақыл-кеңеслери еле көз алдымызда кешегидей ап-анық елеслейди.

Ҳүрметли ақсақалларымыз Турдымурат аға менен Омар ағаның жаңа турмысты қурыўда гезлескен қәўипли қыйыншылықларды жеңиўде ислеген мәртлик ис-ҳәрекетлери, қызықлы ўақыяларға толы өмири ҳәзирги жасларымызды тәрбиялаўда не деген бай материаллар бере алады, оларды тәриплеп айтпаўдың өзи қәте!

Бизиң илимимиздиң бийик шыңларының ағласы, илимпазларымыз арасынан шыққан туңғыш академигимиз —Марат аға Нурмухамедов. Ол Қарақалпақстанда камалға келип, ержетип, халқының атақ-абырайын көтерген, елиниң даңқын дүнья жүзилик аренаға шығарған, халқымыздың мақтанышлы улларының бири. Оның өмири, илимий-дөретиўшилик жолы, устазлық келбети өз алдына бир дәстан. Оны кейинги жасларымызға жеткериў, олардың Марат Нурмухамедовтай ағаларының болғанына мақтаныш



сезимин оятыў бизиң ҳәр биримиздиң әдиўли ҳәм ҳүрметли ўазыйпамыз.

Қәдирдан ағаларымыз Айтжан Есемуратов ҳәм Көшербай Бердимуратов пенен 25 жылдан асламырақ ўақыт жасларға тәлим-тәрбия бериў ислерин бирге алып бардық, олардың жақсы ис-тәжирийбелеринен үйрендик. Сол ўақытлары бизлер, жас муғаллимлер, олардың ел арасындағы абырайына қызығып қарайтуғын едик. Олар қай аўылға барса да, қай жерге келсе де, шәкиртлериниң алдынан шығып, «Ҳаў, Айтжан аға, Көшербай аға, ассалаўма әлейкум» деп қол қаўсырып сәлем беретуғынлығын, ден саўлығын, бала-шағасының аманлығын сорап, оларға жоқары ҳүрмет көрсететуғынлығын талай мәртебе өз көзимиз бенен көрдик ҳәм сол ўақытлары бизлер де «Қашан усы кисилердей абырайлы устазлар болар екенбиз?», «Қашан бизлерди де усындай етип шәкиртлеримиз сыйлар екен» деп әрман ететуғын едик.

Айтжан аға менен көп жыллық бирге ислескенимизде бирде-бир рет даўысын көтерип студентлерге урысқанлығын ямаса қатты сөз айтқанлығын көрген емеспиз. Ол бизлерге: «Булар бүгин студент болғанлығы менен ертең өзлеримиздей устаз болады, елге хызмет етип, халқымыздың балаларын оқытады, сонлықтан оларға әдеп-икрамлы қатнас жасап, ҳүрмет көрсетсек, ертең олар да әдеп-икрамлы, адамгершиликли болып жетилиседи» дейтуғын еди.

Ал, Көшербай аға болса, минези қаталлаў болғанлығы менен, дурыс сөзли, шынлықты жаны сүйетуғын, әсиресе студентлердиң билимин жоқары баҳалайтуғын, мудамы жыллы сөйлейтуғын, үйретиўге еринбейтуғын, шыдамлы, устамлы ҳәм соның менен бирге жүдә кишипейил, күтә кәтқуда адам еди.

Көшербай аға студентлерден имтихан алғанда, сорағанда китаптағы жазылған қағыйдаларды сол турысында қайталап бериўди емес, ал оны өз сөзи менен, өз түсиниги бойынша айтып бериўин студентлерден айрықша талап етер еди. «Жаслар, бул китапты да жазған өзлериңдей адамлар. Сонлықтан сизлердиң оған қосылыўыңыз ямаса қосылмаўыңыз мүмкин нәрсе ғой. Өзлериңизше пикир жүритип үйрениңизлер. Ертеңги күнниң жаңа китапларының авторлары сизлер боласызлар. Сонлықтан қай нәрсеге де

өзиңизше баҳа берип үйрениңизлер» деп студент жасларды дөретиўшилик жақтан ислеўге бағдарлап, өзинше пикир билдирип, өз түсинигин айтқан студентлерди қоллапқуўатлап отыратуғын еди.

Әбиш аға менен Мәжит ағаны республикамыздың жасы үлкен, жасы кишиси бирдей сыйлайды, ҳүрмет етеди. Ҳәмме көрген жерде «Ассалаўма әлейкум, Әбиш аға ямаса Мәжит аға» деп сәлем берип, қолынан алады, ҳал-аўҳал сорасады, Әбиш ағаның жеңил ҳәзили, жыллы сөзи, Мәжит ағаның устамлы минези кимди болса да өзине тартпай тура алмайды.

Ахмет аға Қыдырбаев республика мәдениятының ҳақыйқый жан күйерлериниң бири еди. Әсиресе оның республика мектеплерине муғаллим кадрларын таярлаўдағы хызмети айрықша атап өтиўге турарлық. Сонлықтан да оны республикамыздағы ҳәр бир инсан (ким қай кәсипте ислеўине қарамастан) өзине устаз, ең жақын туўысқанындай көрер еди. Ол қай жерге барса да иззет-ҳүрметке миясар еди..

Сражатдин ағаның кабинетине қашан кирсең де жасы үлкен әдебиятшылар менен қатар жасы киши әдебиятшылардың да өзлерин еркин услап гүрриңлесип отырғанлығының гүўасы боласаң. Әсиресе ол кисиниң соншелли абырайлы, атақлы адам болыўына қарамастан, ҳәммеге бирдей қатнас жасаўы, тең адамларша сөйлесиўи, пикирлесиўи, басқа адамлардың пикирлерин еринбей тыңлап, оған дурыс жуўап қайтарыўы, әдепли, кишипейил, адамгершиликли ис-ҳәрекети, адамларға деген ҳүрмет сезими айрықша көзге тасланып турады. Оны көрип, ҳақыйқый устаз, терең билимли алым, мине усындай болады екен-аў деген жуўмаққа келесең.

Әсиресе, Сражатдин ағаның әдебиятта жаңа қәлем тартып жүрген жас жазыўшыларға, шайырларға, журналистлерге ислеген қәўендерлиги баҳа жеткисиз. Мәселен, институтқа жаңа муғаллим болып келген жыллары мақала жазыў усылларын еле де болса толық өзлестире алмай жүрегимизде Сражатдин аға жазғанларымызды оқып, кемшиликлерин көрсетип, қалай жазыў кереклигин талай мәртебе үйретти, айырым мақалаларымызды қайта жазыўымызды талап етти, ойпикирди анық, қысқа жазыў кереклигин ҳәм тағы басқа нәрселерди түсиндирип отырды. Усының



нәтийжесинде гейпара жазғанларымыздың баспа сөзде жәрияланыўына мүмкиншилик алдық. Ол кисиниң жазғанларын оқый отырып оның шығармаларды таллаў, баҳа бериў шеберлигин, турмыстағы әсиресе, әдебияттағы жаңалықларды сезетуғынлығын ҳәм оған мудамы үн қосып отыратуғынлығын байқадық. Оның усы сезимталлығы бизлерди бәрҳама қызықтыратуғын еди ҳәм ҳәзир де солай болып келмекте.

Уллы Ўатандарлық урысқа бастан аяғына қатнасқан ҳүрметли ағаларымыз Отарбай Сейтов, Жамурат Қутлымуратовлардың Уллы Ўатанымызды фашист басқыншыларынан қорғап қалыўда көрсеткен қаҳарманлық, мәртлик ислери, парахатшылық дәўирдеги жемисли мийнетлери ҳәзирги жасларымызға үлги-өнеге боларлық ҳақыйқый азамат жолы. Олар урыста қолларына қурал алып ўатанын жаўдан қорғаса, урыстан соңғы парахатшылық дәўирде жасларды адамгершилик рухта тәрбиялап, өз мийнетиниң жемисин өз көзи менен көрген, соннан илҳам алып, келешекке исенимли қәдем таслаған ақсақалларымыз. Олардың турмыс жолларын үйрениў ҳәм жасларға үйретиў бизлердиң ең тийкарғы ўазыйпамыз.

Ҳаял-қызлар арасында да жақсы ислери менен елжурт сүйиспеншилигине бөленген, үлкемиздиң ар-намысы, атақ-абырайы ушын ат салысқан ақыллы, парасатлы, жоқары әдеп-икрамлы әдиўли апаларымыз ҳәм қәдирдан аналарымыз көп. Мәселен, Жумагүл апа Сейтова, Мәрьям апа Қасымова, Зоя апа Насыруллаева, Балқуйған апа Ержанова, Орынгүл апа Қыдырбаева ҳәм т. б. апаларымыз республикамыздың гүллеп жаснаўына, Қарақалпақстанның алдыңғы қатарлы еллер қатарына ерисиўине салмақлы үлеслерин қосқан ең ҳүрметли, ең әдиўли ҳаял-қызларымыздың алдыңғы қатарынан орын алады. Олардың мәдениятымыз тарийхында салмақлы үлеси бар. Сонлықтан да усындай ҳаял-қызларымыздың турмыс жолын, үлгили ислерин кейинги жасларымызға үлги ретинде нәсиҳатлаў, солардан үйрениўге шақырыў бизлерге парыз ҳәм қарыз.

Айта берсек, усындай өмири, турмысы жасларымызға үлги боларлық ағаларымыз бенен апаларымыз республикамыздың ҳәмме районларынан, колхоз, аўылларынан көплеп табылады. Сонлықтан олардың

жақсы ислерин көпшиликке жәриялаў жасларға сөйлеп бериў ҳәзирги ең әҳмийетли мәселелериниң биринен есапланады.

Ҳақыйқатында, «Жақсының жақсылығын айт, нуры тассын» дегендей жақсы хызметлери менен естеқалған ағаларымыз ҳәм апаларымыздың үлгили ислерин нәсиҳатлап барыўды жәмийетшилик болып кең қолға алсақ, олардың руўхы рийза болады, ал ҳәзир арамызда жүрген ветеранларымыздың кеўил-хошы көтериледи, жасларымыз олардың өмир жолынан үлги алып, өсип жетилисе береди деп зор исеним менен айта аламыз.

## ПЕДАГОГИКА ИЛИМЛЕРИНИҢ ТУҢҒЫШ ДОКТОРЫ

Жүмек Асқарович Орынбаев 1906-жылы Шымбай районында (ҳәзирги Усман Юсупов совхозы) орта дийхан семьясында туўылды. Ол 1920-жылы 14 жасында оқыўға түсип, 1924-жылы баслаўыш мектепти питкерип шықты.

Усы жылы алты айлық муғаллимлик курсты питкерген нен кейин Жүмек аға Орынбаев Халқабадтағы еки класслы баслаўыш мектепке муғаллим болып келди. Мектеп еки өжирели жайға орналасқан еди. Мектепте оқыйтуғын балалар да аз ҳәм оларға керекли оқыў қураллары да пүткиллей жоқ еди. Сонлықтан да жас муғаллим мектепке мүмкиншилиги болғанша көп бала тартыўды өз алдына мақсет етип қойды. Ол ушын мийнеткешлер массасы арасында үгитнәсият жумысларын жүргизди. Оқып, билим алыўдың үлкен әҳмийетин, турмысымызда саўатлы адамлардың зәрүрлигин, сонлықтан балаларды оқытыўдың кереклигин ҳәр тәрепleme түсиндирди. Бул иләжлар өзиниң жемисли нәтийжелерин берди.

Көп узамай өзиниң теориялық билимин көтериў мақсетинде Жүмек аға Орынбаев Төрткүлдеги алты айлық курста оқыды ҳәм оны питкергеннен кейин Шымбай қаласындағы интернатқа баслық, кейнинен Коммуна мектебине директор болды. Буннан кейинде ол көп ғана басшы жумысларды атқарды. Жүмек Асқарович бул жумыслардың ҳәммесинде де өз миннетли ўазыйпасын инабатлы атқарып, саўатсызлыққа қарсы аяўсыз гүрес жүргизди.



Елде саўатсызлықты сапластырыў ислерине белсендилик пенен араласа отырып Жүмек аға Орынбаев 1930-жылы Ташкенттеги САХИПИ диң рабфагине түсип оқыды. Бунда ол саўатсызлықты жойыў штабының баслығы болды. Студентлер оқыўдан бос ўақытларында завод-фабрика жумысшылары арасына барып, оқыў-жазыў ислерин үйретти.

Рабфакты табыслы тамамлағаннан соң жақсы питкергенлердиң қатарында оған аспирантураға жоллама берилди. 1933-34-жыллары Москва қаласындағы ВАИПИН аспирантурасының еки жыллық таярлаў бөлиминиң тыңлаўшысы болды. Усы жыллары болажақ илимпаздың Н. К. Крупская менен ушырасыўы өмириндеги үлкен қуўанышлы ўақыяның бири болды.

Аспирантураның таярлық курсын табыслы питкерттеннен соң Қарақалпақстанға әмелий жумыс ислеўге келеди ҳәм Төрткүлдеги Қарақалпақстан педтехникумының директоры ҳәм оқытыўшысы болып белгиленеди.

Илимге қызыққан жас устаз Жүмек Асқарович көп узамай Москваға қайтадан барып, ВАИПИН аспирантурасының тийкарғы курсында оқыўын даўам етти.

1939-1941-жыллар аралығында Москвада РСФСР билимлендириў министрлигиниң оқыў-педагогикалық баспасында қарақалпақ мектеплери ушын сабақлық шығарыў бойынша редактор болып иследи.

Жүмек аға Орынбаев 1941-жылдан баслап урыстың аўыр жылларында бирлестирилген қарақалпақ мәмлекетлик оқытыўшылар институты ҳәм педагогикалық институтының директоры болып хызмет атқарды. Өзиниң барлық күш-жигерин жоқары қәнигели, сиясий жетик муғаллим кадрлар таярлап жетистириўге бағышлады.

Жүмек аға Орынбаев бәрқулла өзиниң илимге деген қызығыўшылығын, жигерлилигин көрсете билди. Өзиниң диссертациялық жумысына байланыслы Казань, Алма-Ата, Ташкент, Санкт-Петербург, Москва қалаларының китапханаларында айлап-жыллап китап ашып, архивлерден өзине керекли материалларды тамшыдай жыйнап, топлай берди. Оның бул узақ мий-

нети босқа кетпеди. Нәтийжеде 1950-жылы «Қарақалпақ мектеплериниң революцияға шекемги тарийхының очерклери» деген темада кандидатлық диссертациясын табыслы жақлап, педагогика илимлериниң кандидаты деген илимий атаққа миясар болды.

Талантлы илимпаз буннан кейин Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының педагогика кафедрасында аға оқытыўшы болып иследи. Ол өзиниң илимге қумарлығы ҳәм жақсы шөлкемлестириўшилиги арқасында 1957-жылдан баслап педагогика кафедрасының баслығы болды.

Жүмек аға Орынбаев кандидатлық илим дәрежеси менен қанаатланып қалған жоқ, илим изертлеў жумысларын тағы да даўам ете берди. Ол өзи менен бирге жасап, бирге өскен өзи тиккелей араласып, өз қолы менен дүзискен кеңес мектебиниң өсиў жолларын. раўажландырыўдың дәслепки қыйыншылықларын, оны жеңиў жолларын, дәслепки оқыў-ағартыў хызметкерлериниң ислерин, халықты билимлендириўге ҳүкимет басшыларының аталық ғамхорлығын ҳәр тәреплеме баянлап, илимий мийнет жазыўды қолға алды. Тағы да архив, китапхана, излениў, уйқысыз түнлер басланды. Жүмек аға бул жумысын да нәтийжели питкерип, «Қарақалпақ кеңес мектебиниң тарийхы (1917-1930)» деген ат пенен үлкен монографиялық мийнетти баспадан шығарды ҳәм Жүмек Асқарович усы мийнети менен педагогика илимлериниң докторы атағын алыўға миясар болды ҳәм қарақалпақ халқы Жүмек аға Орынбаевтың аты менен туңғыш педагогика илимлериниң докторына ийе болды.

Устаз-алым автономиялы республикамызда педагог-илимпаз кадрлардың көплеп жетилисиўине бәрқулла қызықсынды. Тиккелей профессор Жүмек Орынбаевтың басламасы ҳәм басқарыўында 1967-жылы Нөкисте Өзбекстан педагогика илим-изертлеў институтының Қарақалпақстан филиалы ашылды ҳәм бул илимий институттың филиалының биринши директоры өзи болды.

Республикамыздағы ең үлкен билим орайы болған Қарақалпақстан мәмлекетлик пединституты талантлы жасларды бәрқулла өзине тартты ҳәм 1969-жылдан баслап өмириниң ақырына шекем Жүмек аға усы оқыў



орнының баслаўыш билим бериў методикасы кафедрасының басқарыўшысы болды.

Илимпаз қайда ислесе де педагогика илиминиң ең әҳмийетли мәселелерине қызғын араласып, илимий пикирлери менен ортақласып, избе-изли түрде республикамызда халық билимлендириўи ҳәм оның раўажланыўы бойынша илимий жумысларын алып барды. Усы мәселелер бойынша оның алпыстан аслам оғада мазмунлы илимий мийнетлери жарық көрди.

Профессор Жүмек Орынбаев өзиниң илимий жумыслары менен республикамызда педагогика илиминиң раўажланыўына үлкен үлес қосты ҳәм кең жол ашып берди. Сонлықтан да оған халық билимлендириў тараўындағы көп жыллық минсиз хызметлери ушын бир неше мәртебе Өзбекстан Республикасы ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Совети Президиумының Ҳүрмет жарлықлары менен сыйлықланды. 1960-жылы «Мийнетте айрықшалығы» медалын алды.

1964-жылы Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Совети Президиумының указы менен оған «Қарақалпақстанға мийнети сиңген илим ҳәм техника ғайраткери» деген ҳүрметли атақ берилди. Ал 1967-жылы «Өзбекстанға хызмет көрсекен илим ғайраткери» атағын алыўға миясар болды.

1973-жылы 30-мартта Қарақалпақстанда педагогика илимин кеңнен раўажландырыўдағы табыслары ушын профессор Жүмек Асқарович Орынбаев Н. К Крупская медалы менен сыйлықланды.

Шәкиртсиз илимпазды халқымыз мийўесиз ағашқа мегзетеди. Жүмек аға Орынбаев республикамызда илимий кадрлар таярлаўда да көп хызмет етти. Оның илимий басшылығында педагогика илимлериниң кандидатлары Шүкиржан Не-есова, Өсербай Әлеўовлар кандидатлық диссертацияларын табыслы жақлап шықты. Көплеген докторлық кандидатлық диссертацияларға оппонент болып қатнасты.

Жүмек аға Орынбаев академиклер Раджабов С. Р. Измаилов А. Э., Непесов Ғ. Н., профессорлар Қадыров, И. Қ. Сейдов А. Р., Сембаев А. Н., Бердиев Т, Б, менен дослық қатнаста болды ҳәм көп ғана машқалалы мәселелер де ойласып биргеликте шешип отырды.

Профессор Жүмек Орынбаевтың мийнетин халқымыз жоқары бахалап, өзи дүзген ҳәм ислеген Өзбекстан пе-

дагогикалық илим-изертлеў институтының Қарақалпақ-
стан филиалын оның атына қойды. Буннан артық илим-
паз ушын, азамат ушын үлкен ҳүрмет болмаса керек.
Халық билимлендириў тараўында ҳәм оның ең тий-
карғы машқалаларын илимий изертлеў бағдарында
барлық өмирин, күш-жигерин жумсаған халқымыздың
әдил перзентлериниң бири профессор Жүмек аға Ас-
қарович Орынбаевтың естелиги халық жүрегинде мәң-
ги сақланады ҳәм жасай береди.

## ЖАС ЖИГИТТЕЙ ҒАЙРАТЛЫ ЕДИ...

1929-жыл. Жаз айларының бир күни. Орта бойлы,
қалың қабақлы, үстинде гөнелеў гимнастеркасы бар
бир жигит жол бойында киятыр. Оның жүзинен шар-
шағанлықтың белгилери көринеди. Бирақ дийдилеген
жерге тез жетейин дегендей аяғын шыйрақ басады. Ол
үлкен ойдың үстинде. Оның көз алдынан бирде ки-
ноның лентасындай өткен турмысы елеслесе, гейде
қуўаныш гүдиги, қызығы менен қыйыншылығы мол
келешек келеди. Бир мәҳәли оның есине сүйикли ус-
тазларының кетер алдында айтқан ақыл сөзлери түс-
ти. Олар:
—Турдымурат, бизлер ҳәммемиз билимлендириў
исиниң жаўынгеримиз. Қуралымыз қәлем, қағаз, ки-
тап ҳәм терең билим. Ол жеңбейтуғын күш, ол алмай-
туғын қамал жоқ. Сен жаңа өмирдиң дәслепки қарлы-
ғашларының бирисең. Сен халыққа билим нурын ша-
шасаң. Бул жолда әлбетте, қыйыншылықлар гезлесе-
ди. Бирақ оны тайсалмай жеңиўге тийислисең ҳәм
жеңерсең деп исенемиз. Исиңде табыслар тилеймиз,—
дегенде, Турдымурат та:
—Әлбетте орынлайман ўәсиятларыңды, исене бе-
риңлер маған, —деп жуўап берген еди.
Енди бираз күннен сабақ басланады. Оның алдына
жүзлери таныс емес 20-30 бала көзлери жаўдырап
«муғаллим не айтар екен» деп үмит көзи менен қарай-
ды. Оннан үлкен нәтийже күтеди, себеби муғаллим олар-
дың үмит-қыялының жетекшиси, оларға еле сыры бел-
гисиз билим дүньясына баслаўшы. Олардың келешек-
те қандай адам болып шығыўы муғаллимге байланыс-
лы. Халық оған зор исеним артады, оны жаңа дүнья-
ның жыршысы деп есаплайды.



Турдымурат сабақ басланғанша жақсылап таярлан-
ды. Мектепке келген балаларды жыллы жүз бенен
қарсы алып, оларға оқыў ҳаққындағы ақыл-кеңесле-
рин берди. Асыға күткен оқыў да басланды.
Ол дәслепки сабақты ҳүкимет басшыларының же-
тим балаларға ислеп атырған зор ғамхорлығын, билим-
ниң пайдасын айта келип, сөз соңында тәртип, таза-
лық мәселесине кең тоқтап өтти. Сабақ питкеннен соң,
балалар Турдымураттың қасынан кетпей, қалай оқы-
ғанлығы туўралы айтып бериўин өтинди. Шәкиртле-
риниң усынысын қайтарыўға қыймай Турдымурат
өзиниң өткен өмирин қысқаша гүрриң етип берди..
—Ҳа, Турдымурат, Турдымурат, ана малларды
қайыр,—деген ашшы даўыс суўға шомылып жүрген
мени ериксиз жулып алды да, егисликке бет алған
малларға жуўырттым. Мен малларды қайырып келип,
енди суўға түсиўге мейиллене бергенимде, көпирдиң
үстинде киятырған атлыны көрдим. Оның алдын ке-
сип өтиўге ийменди де, өтсин деген ыңғай билдирип
тилт тоқтап қалдым. Атлы адам жайылып атырған
маллардың бир шетинде ақ сақаллы, узын бойлы, тая-
ғына сүйенип турған ғаррыға аттан түсип сәлем берди.
Мен дәрриў жылаўын усладым. Жаңағы киси ғарры
менен бираз гүрриңлескеннен кейин бетиме қарады да:
—Кимниң баласысаң?—деп сорады. Оның күлим-
сиреген жүзи жетимликтен тас болып қатып қалған
жүрегиме қуяш нурының жылыўындай тәсир етти.
—Бекимбеттиң. Усы гезде ғарры:
—Марҳүм Бекимбеттиң баласы ғой. Ана жылы әке-
си өлип, ҳәзир ағасының қолында. Маған мал бағыўға
жәрдемлесип жүр,—деди сөзге араласып. Келген киси
азғана ойланыңқырап турды да мениң бетиме жалт
қарап,— Интернатқа барасаң ба? —деди. Оның даўсы-
нан мийиримлиликтиң, ғамхорлықтың леби еснендей
сезилди маған. Усы мәҳәлде өзимниң жетимлик зәр-
деси менен шорланған кишкене жүрегиме қуўаныш
сезими қуйылып, кеўилим алып уша баслады.
—Аға, ол қай жерде?
—Шымбайда. Сендей жетим балалардың ғамхоры,
панасы, оған барсаң оқыйсаң, адам боласаң. Егер бара-
туғын болсаң өзим сонда боламан—деди жаңағы киси,
атына минип атырып,.
—Бараман, аға бараман—дедим қуўаныштан еки

бетим гүл-гүл жайнап. Усы ўақытта меннен бахытлы, меннен зор адам жоқтай сезилди. Ал жаңағы жолаўшы бахыттың гилтин услатқан қүдиретли адамдай көринди көзиме.

—Ал, ата, хош—деди де ол киси жүрип кетти. Аздан соң, артына қарап;—бала, әлбетте бар. Адам боласаң,- деди даўыслап.

—Барaман, аға, әлбетте, бараман,—дедим исенимли түрде. Жолаўшы узап кеткеннен соң ғарры:—Шырағым, Турдымурат, интернатқа бараман дегениң жақсы болды. Бара ғой, алдыңнан жарылқасын. Жаңағы ағаң—Сүйинов Генже деген жигит. Гедей дийханлардың мәпи ушын жанын пидә етип жүрген азаматлардың бири. Тек жанына жаманлық бере көрмесин—деди де бираз үнсиз турып қалды. Ғаррының бул турмысы өзиниң қызықсыз, қайғылы өткен балалық дәўирин еске, алып, мениң алдағы қызығы мол өмириме қызғанып та, қызығып та қарағандай көринди маған.

Күн батыўын асыға күткен мен кеште ағама келдим де, болған ўақыяның хәммесин баянладым. Ағам да мениң қуўанышыма ортақласты.

—Олай болатуғын болса, иним ертең азанда ерте кетейик. Малы қурысын. Адам болатуғын жағыңды ислейик, —деди ағам. Азанда ағам екеўимиз қалашылар менен Шымбай қайдасаң деп жол тарттық. Жол бойы бир-биримизге ләм-мим деп үн қатпадық. Хәр қайсымыз өз ойымыз бенен бәнт едик. Маған Шымбай барлық қуўаныштың, бахыттың ордасындай, ал интернат болса барлық ең жақсы нәрселерге қолыңды жеткеретуғын мәргиядай сезилди. Жол бойындағы шөплер де, күлимлеген күн де, желпип ескен самал да, маған қайырлы жол, бахытлы сапар тилегендей, мақсетиң орынланады дегендей болады. Бурын ешегим жүргиш деп балаларға мақтанып жүретуғын маған бүгинги ешегимниң жүриси қанаатландырмады! Дым әсте жүрип киятырғандай сезилди, ертекдегидей ушқыр ат, гилемге минсем, хәзир-ақ, Шымбайға жетер едим-аў деп ойлайман. Өзим жол бойында киятырсам да қыялым, жүрегим қашшан-ақ Шымбайда еди. Бизлер түс аўа үлкен дәрўазалы бир жайдың алдына келип тоқтадық. Ешеклеримизди сол жердеги ағашқа байладық та, ишке кирдик. Бизлерди узын бойлы, сулыўшық хаял қарсы алды. Оның жүзи маған бир түрли ысық көринди. Ағамды билмеймен, ал өзим қысылып, терлеп баратырман. Жаңағы хаял қолын усынғанда, не қыларымды билмей сасқалақлап биротала естен айырылғандай зорға сәлемлестим. Хаял мениң қысынғанымды байқамағандай ашық-жайдары сөйлесип, хал-жағдайларымызды сорап атыр. Ағам мени интернатқа қабыл етиўин өтинди. Хаял күлимсиреп, —әлбетте, қабыл етемиз, бундай зор жигитти қабыл етпегенде, кимди қабыл етемиз,—деди бетиме қарап. Оның көзинен аналық сүйиспеншилик төгилип жүрегиме нур қуйылғандай тула бойымда бир шадлық сезими пайда бола баслады. Интернатқа қабыл етилгениме төбем көкке жеткендей қатты қуўандым. Бул хаял келиншектиң бетин ким ашса, сол ысық дегендей жүрегимде мәңгиге өшпес из қалдырған интернаттың тәрбияшысы Бәниў апай еди. Сол күннен баслап мени қызығы мол қуўанышқа толы интернат турмысы өз қушағына алды да, таңның қалай атқанлығын, күнниң қалай батқанлығын билмей өсе бердим. Ағам анда-санда келип турады. Оған өзимниң оқығанларымды, үйренгенлеримди айтаман, ал ол болса, оған жас баладай қуўанып, қуўанышыма ортақласады, мениң адам болып киятырғанлығыма шексиз шадлық сезимин билдиреди. Мениң менен бирге Жумабай, Әбий, Мурат сыяқлы жетим балалар тәрбияланды. Өткен өмиримиз хәр түрли болса, да, келешегимиз, мақсетимиз—бир. Барлығымыз үлкен Ўатан ана қанатының астында билим алып, ержете бердик. Бизлерге билим бериўде, қыйыншылықларға қарсы қалай гүресиўди үйретиўде хадал мийнет сиңирген әдиўли муғаллимлеримиз Абдуллин, Мәжийтов хәм Бәниў апайлар болды. 1926-жылы мектепти жақсы питкергенлердиң қатарында мен де Төрткүлдеги педтехникумға жиберилдим. Соны быйыл питкерип, мине енди сизлерге муғаллим болып келдим, —деди сөзин жуўмақлап Турдымурат.

—Қәне балалар, кеш болып қалды, қайтыңлар—деди. Турдымурат жыллы жүз бенен—қалғанын ертең сөйлесемиз.

Кешеги саўаты жоқ балалар аз ғана ўақыттың ишинде саўатланып, өз бетинше китап оқыйтуғын жаза алатуғын дәрежеге жетти. Олар устазынан қызықлы китаплар алып оқып жүрди. Бир күнлери шәкиртлериниң мектепти питкеретуғын ўақты да келип жетти.

Буған шәкиртлери де, оларды тәрбиялап шығарған устазы да зор қуўанышта еди. Шәкиртлери Турдымураттың қолын қысып турып, өзлериниң терең миннетдаршылығын билдирди. Усындай жас әўладларды тәрбиялап шығыў жумысына белсендилик пенен араласқан, мазмунлы ўақыяларға толы жыллар бириниң артынан бири өте берди. Ҳәр бир жыл өзинше Турдымуратқа жаңа ўазыйпалар жүклеп әкелди. Ол барлығын да инабатлы орынлаў менен болды. Оның қолынан неше жүзлеген жаслар билим алып тәрбияланды. Усындай мийнеткеш устазлардың арасында Турдымурат та аянбай мийнет етти. Егер ол бурын өзиндей оқыған азаматларды сийрек гезлестирсе, енди олардың халық арасында көплеп ушырасатуғынлығына, солардың арасында өзиниң де шәкиртлериниң бар екенлигине шексиз қуўанады. Турдымурат бул жыллары жасларға билим берип ғана қоймай, ғалаба саўатсызлықты жойыў атланысына қатнасты, гейде дийханларды колхозға бириктириў исин қызғын қолға алды. Оның тиккелей қатнасыўы менен Кегейли районының ҳәзирги Куйбышев совхозындағы Қызыл Октябрь, Қызыл сәуле, Комсомол, Ленин колхозлары дүзилди. Ол Шымбайды баспашылардан қорғаў бойынша гүзетте болды, қарақалпақ тили әдебияты материалларын изертлеўге, жыйнаўға шыққан Малов ҳәм Баскаковлардың илимий экспедицияларына белсендилик пенен қатнасты. Ол бул жумысларды атқарып жүргенде қаншелли қыйыншылықларды басынан кеширсе де жалықпады, баслаған ийгиликли иси ушын еринбей гүрес алып барды. Себеби оның сүйенери де, сүйеништи де халық болды. Ал, халық қоллаған ис ҳәр ўақытта табыслы болатуғынлығына, жеңиске ерисе беретуғынлығына Турдымураттың исеними мол еди. Турдымурат 1934-жылы өз билимин көтериў мақсетинде Ташкентке келип, 1939-жылы пединституттың тарийх факультетин питкерип шықты. Сол жылы Москвада қарақалпақ тилинде шығатуғын сабақлықларға редактор болды. Өзи де бир қанша жаңа сабақлықлар жазды. Оның авторлығында шыққан 3-4 класларға арналған қарақалпақ тили сабақлықлары көплеген жасларға билим бериўде өзиниң унамлы тәсирин тийгизди, тийкарғы билим алатуғын оқыў қуралларынан есапланады. Турдымурат сол ўақыттағы Өзбекстан Коммунистлик партиясының Орайлық Комитетиниң Қарақалпақ обкомының шақырыўы бойынша келип, Қарақалпақстан пединститутының тарийх кафедрасын басқарды, соның менен бирге илимий жумыслрды алып барды.



Уллы Ўатандарлық урыс басланғанда өз ерки менен фронтқа атланып, батальон комиссары, соңынан командири, сиясий бөлимниң орынбасары болып хызмет атқарады. Турдымурат немец фашистлери менен болған қанлы саўашларда белбуўардан қан кешип, қардай бораған оқ астында жүрип, фашистлерди қуртыў ушын барлық жигерин аямады. Волгоградтан баслап фашистлердиң ең соңғы уясы Берлинге шекем барды, жеңис байрамын тойлап елге қайтты.

Турдымурат аға Бекимбетов урыстан соң да жәмийетлик жумысларға, жасларға билим бериў исине қызғын араласты. 1945-жылдан 1951-жылға шекем пединституттың директоры болды, ал 1951-жылдан өмириниң ақырына шекем институттың сол ўақыттағы КПСС тарийхы кафедрасының доценти болып иследи. Ол лекцияларында өзи тиккелей араласқан, өз қолы менен қурысқан жәмийет, сол жәмийетти дүзиўде қурбан болған қаҳарман азаматларды, олардың ерлик ислерин мысал ретинде кеңнен пайдаланды. Оның ҳәр бир лекциясы турмыс поэзиясы менен романтикасына толы еди. Ол өткен өмирдиң басқышларын айтып, келешек өмирдиң қызықлы болажағына студентлердиң исенимин арттырды. Өзи де солар менен бирге бахытлы турмысқа қуўанды. «Мен де сизлер менен бирге келешекте жасайман, оны өз қолым менен дүзип атырман» деп мақтаныш пенен тилге алатуғын еди. Турдымурат аға Бекимбетов өзиниң усындай мазмунлы ўақыяларға толы өмириниң ишинде көплеген билимли, искер жасларды тәрбиялап шығарды. Республикамыздың қай мүйешине барсаңызда, оннан билим алып, тәрбияланған жигит-қызларды гезлестиресиз, олар әдиўли муғаллимин «устазлардың устазы» деп ҳүрмет пенен мақтаныш етеди.

Ҳүкиметимиз Турдымурат ағаның билимлендириў исиндеги көп жыллық мийнетин жоқары баҳалап, оны орден ҳәм медальлар менен Ҳүрмет жарлықлары менен сыйлықлады. Ол «Өзбекстан ССРы Билимлендириў исиниң ағласы», «Қарақалпақстанға мийнети сиң-

ген муғаллим» деген ҳүрметли атаққа миясар болды. Турдымурат аға қартайса да, жүреги жигиттей ғайратлы еди. Ол өзи айтқандай халқының, мыңлаған шәкиртлериниң жүрегинде жасап атыр, ол бундай сүйиспеншилик ҳүрметке өз ҳадал мийнети менен ерискен устаз. Ол қарақалпақ халқының ядында мәңги қалатуғын азамат перзентлериниң бири.

## БИЛИМ БАҒМАНЫ

1931-жыл... Айтжанды турмыс жолламасы Шағал көпирдеги «Қызыл әскер» мектебине алып келди. Билимсизликтен жипсиз байланған аўыл жасларына билим шырағын жағыўды әрман еткен жас устаз оларды оқытыў ушын таярлық жумысларына белсендилик пенен киристи.

Аўыл аралап, оқыўға қатнайтуғын балалардың есабын алғанда оқыўшылардың қурамы ҳәр қыйлы екенлигин, яғный 8 жастан 20 жасқа дейинги аралықтағы жаслардың оқыўға деген қумарлығын байқады.

Асығып күткен оқыў жылы да басланды. Мине Айтжанның алдында илимге шөллеген елдиң гүли, келешеги отызға жақын дийхан балалары. Олардың жас жүрегине билим нурын қуйыўы Айтжанға исенип тапсырылған. Қандай әдиўли ҳәм жуўапкерли ўазыйпа! Шәкиртлериниң ҳәр биринде Данко жүрегиндей билим шамшырағы лаўлап жанса, устаз ушын соннан үлкен бахыт, зор қуўаныш бар ма сирә?..

Усы ойлар бийлеген Айтжан классқа кирип келгенинде жүреги бир түрли толқып урыўы жийиленип кеткендей сезилди, бир түрли қысыныў сезимлери пайда болды, өзин-өзи зорға тутып, сәлемлести де, классқа көз жиберди. Балалардың ҳәммеси де көзлери жаўдырасып «муғаллим не айтар екен» дегендей оған қарап қалған. Айтжан балаларға отырыўға рухсат етти де, сабағын баслап жиберди...

Бул күни балалар өзлерин әжайып дүнья қушағында отырғандай сезди. Ал, муғаллимин дүньядағы ең қүдиретли ҳәм билгир адам деп есаплады. Олар өзлериниң уйқыда жатқан сезимлерине қозғаў салып, сыры терең илим дүньясына жол баслаўшы муғаллимине зор ҳүрмет пенен қарады.

Айтжан мектептен күтә кеш қайтты. Бул гезде күн



батып, ымырт жабыла баслаған ўақыт еди. Ол далаға шыққаннан соң, таза ҳаўадан көкирегин толтырып дем алды. Аспан гүмбезинде ҳәр жерде ерте шығатуғын жулдызлар дизилисип тур. Ол аспанға тигилип узақ қарады да, өзиниң ҳәзирги жағдайын усы жулдызларға мегзетти, оған халықтың саўатсызлық қараңғылығын серпип таслап, мыңлаған усындай жулдызларды жарқыратыў тапсырылған. Әлбетте, ол бул жолда жалғыз емес, өзиндей неше онлаған азаматлар ат салысып атыр. Айтжан өзи менен бирге оқыған жолдасларын ядына алды. Ҳәзир олар қайда жүр екен?! Оның көз алдына жарқын жүзли Т. Сайымбетов, күлдирги сөзли П. Дәўлетмуратов, аўыр минезли Ж. Әдилов, сөзшең К. Зайыровлар келип өткендей болды.

Жас муғаллимниң бир сабағы екиншисинен қызықлы болып өте берди. Ол оқытқан ўақытлары жансыз ҳәриплерге жан питип, өз-ара сөйлескендей бири менен бири байланысып, балаларға қызығы көп илим дүньясының сырын аша берди. Айтжан өз оқыўшылары менен тоғайларға, көллерге, қумға ҳәм тағы басқа жерлерге, жийи-жийи саяхатлар жасап, көргенлери тийкарында гүрриңлесиўлер өткерди, сабаққа балалардың өмиринде көрип билмеген сүўретлерин алып келип, солардың мазмунын түсиндирди. Сабақ ўақтында, сабақтан тыс ўақытта болсын балаларға даўысын көтерип урысып кейимеди. Булардың ҳәммеси балалардың оқыўға деген қызығыўшылығын арттырып, оқыған үстине оқысам, билген үстине биле берсем деген сезимлерин беккемлей түсти.

Бурын ески мектепте неше жыллап оқыса да хат танымаған китап, сүўрет, парта, стол дегенлердиң не нәрсе екенлигин билмейтуғын аўыл адамларына ҳәм олардың балаларына жас устаз бенен бирге келген жаңалықлар қатты тәсир етти.

Дәслепки күнлери айырым дийханлар өзлери де оқыўға қызығып жас устаздың сабақларына қатнасса, соңына таман олардың саны көбейип кетти. Сонлықтан оларды Айтжан өз алдына бөлек оқытыўға келисим берди.

Күнлер артынан күнлер зымырап өтип, кешеги наўа саўаты жоқ балалар, ересек адамлар азғана ўақыттың ишинде өз бетинше китап оқыйтуғын, жаза алатуғын дәрежеге жетти. Жәҳил адамлар ҳәр қыйлы жоллар

менен жас муғаллимге тосқынлық жасаўға тырысты: оны қорқытып та көрди, жолын тосып, абай сиясат та иследи, бирақ Айтжан оннан ҳеш қорықпады, өз исин даўам ете берди. Бул нәрсе ол адамларды бурынғыдан да бетер ызаландырып жиберди. Олар балалардың ата-аналарын ҳәр қыйлы сөзлер менен қорқыта баслады. Сонлықтан дәслепки күнлери балалардың көпшилиги толық қатнасса да, соңына таман гейпара балалар жийи-жийи сабақтан қалатуғынды ҳәм үйге берилген тапсырманы орынламайтуғынды шығарды.

Жас устазға бул күтә аўыр тийди. Ол балалардың ата-аналары менен сөйлессе, оларда ужыбатлы ҳеш нәрсе айта қоймады. Сонлықтан Айтжан буның себебин өзи анықламақшы болды ҳәм бул мәселеде сол жердеги ҳүкимет басшыларының бири Алламурат Хожамуратов пенен ойласты, олар бир жуўмаққа келди де, аўылдағы адамлардың ис-ҳәрекетин бақлай баслады. Усы бақлаўдың нәтийжесинде аўылдағы ески саўатсыз көкиреги қараңғы адамлардың үгитлеўине ерип, олардың ғарғысынан қорққан айырым дийханлар балаларын оқыўға жибермейтуғынлығы, ҳәр қыйлы қорқынышлы үгит жүргизетуғынлығы және де балалардың сабақ таярлаўына мүмкиншилик бермейтуғынлығы анықланды. Ҳәттеки бир оқыўшының әкеси баласының қолындағы китаптан сүўрет көрип ҳүрейи ушып, китапты жыртып отқа таслап та жиберген..

Айтжан сол жердеги ҳүкимет басшыларының ҳәм белсенди жаслардың жәрдеми менен аўыл адамлары арасында үгит-нәсийҳат жумысларын алып барды, оқытқан балалардың күши менен концертлер қойып берди. Айрықша тоңмойынлық етип, балаларын оқыўға жибермей жүрген ата-аналардың үйине барып, жекке-жекке сөйлести. Жас устаз балаларды оқыўға, билимге үйретиўде гезлескен тосқынлықлардың ҳәммесинде, шыдамлылық пенен жеңип отырды.

Атжан өз билимин көтериў мақсетинде 1934-жылы Төрткүлдеги институттың таярлық бөлимине барып оқыўға түсти. 1938-жылы еки жыллық муғаллимлер таярлайтуғын институтты питкерип, усы институтта лекция оқыў менен бирге өз билимин көтериў менен шуғылланып, жумыстан қол үзбей педагогикалық институтты сырттан оқып, оны 1944-жылы табыслы түрде питкерип шықты. Соннан өмириниң ақырына шекем институттың қарақалпақ тили кафедрасының белгили оқытыўшыларының бири сыпатында хызмет иследи.



Айтжан аға институтта лекция оқыў менен бирге қарақалпақ мектеплери ушын сабақлық ҳәм бағдарламалар дүзиўде де белсене қатнасты. Оның авторлығында 12 ге жақын сабақлық ҳәм бағдарламалар республикамыздың мектеплеринде кеңнен қолланылды. Қарақалпақстан АССР билимлендириў министрлиги тәрепинен жәрияланған конкурстен өтип байрақ алған еки сабақлығы 5-6 класларға арналған «Қарақалпақ тили» сабақлығы менен «Әлипбе» китабы мектеп оқыўшыларының ең сүйикли китапларына айланды.

Айтжан аға муғаллимлердиң семинары менен республикалық педагогикалық оқыўларда мудамы қарақалпақ тили методикасының ең әҳмийетли мәселелерине арналған баянатлар иследи. Бул жағдай оны республика муғаллимлериниң ең сүйикли устазы сыпатында айрықша ҳүрметке бөледи. Сонлықтан оған 1949-жылы «Халық билимлендириўиниң ағласы» белгиси тапсырылды ҳәм «Өзбекстан ССР ҳәм Қарақалпақстан АССР ына хызмет көрсеткен муғаллим» ҳүрметли атағы берилди. Айтжан аға бир неше рет Өзбекстан ССР ҳәм Қарақалпақстан АССР Жоқары Совети Президиумының Ҳүрмет жарлықлары менен сыйлықланды, оны 1967-жылы халық билимлендириў тараўындағы көп жыллық минсиз хызмети ушын сол ўақыттағы СССР Жоқарғы Советиниң Президиумы Мийнет Қызыл байрақ ордени менен сыйлықланды.

Бул сүйикли устаздың узақ жыллар даўамында ислеген жемисли мийнетине берилген жоқары баҳа еди.

## УСТАЗ ҲӘМ АНА

Егер биз баланы мийўе, ананы мийўели дарақ десек, устазды бағман деймиз. Ал усы қәсийет бир адамнан табылса, ол да тәбияттың берген бахыты емес пе! Себеби ана болыў, устаз болыў қыйын ҳәм машақатлы ўазыйпа. Мине, усы машақатлы ўазыйпаны инабатлы атқарып жүрген аналарымыз ҳәм устазларымыз республикамызда көплеп табылады. Солардың бири Нөкис мәмлекетлик университетиниң педагогика ҳәм психология кафедрасының аға оқытыўшысы, «Қаҳар-

ман ана» ҳүрметли атағына ийе устаз ҳәм ана Дәме Алламахова.

Дәме жас ўақтынан баслап-ақ устаз болыўды, жас әўладларды тәрбиялаўды, оларға сыры белгисиз илим дүньясын үйретиўди әрман етти. Усы әрман жетегинде ол 1949-жылы Нөкистеги ҳаял-қызлар педагогикалық училищесине келип түсип, оны 1958-жылы питкерди. Устазлары жас қыздың оқыўға, устазлыққа деген интасын жоқары баҳалап, оған билим алыўды даўам еттириўди., жоқары оқыў орнына түсиўди усыныс етти. Устазларының жақсы сөзлеринен илҳамланған Дәме 1953-жылы Ташкенттеги Низами атындағы педагогикалық институттың педагогика факультетине ҳүжжет тапсырып, кириў имтиханларынан табыслы өтип, студент болды. Институтта профессорлар Иванов П. И., Раджабов С. Р., Давлетшин М. Г. ҳәм т. б. лекциялар оқып, педагогикалық кәсиптиң терең сырларын үйретти. Әсиресе оның психология пәнине деген қызығыўшылығы арта түсти. Себеби адам психологиясын, соның ишинде оқыўшы жаслардың психологиялық өзгешеликлерин ҳәр тәреплеме билмей турып жақсы устаз, үлгили педагог бола алмайтуғынлығына көзи жетти. Үлкен психолог, алым, профессор Давлетшин Мухаммед Галимовичтиң оқыған лекциялары оның өмиринде үлкен из қалдырды. Ол психолог болыўды, психология илими бойынша илимий-изертлеў жумысларын жүргизиўди алдына мақсет етип қойды. Талантлы жас қыз психология дөгерегинде, студентлердиң илимий-теориялық конференцияларында илимий баянатлар иследи, конкурсларға қатнасты. Бир неше мәртебе институт ректоратының комсомол комитетиниң Ҳүрмет жарлықлары менен сыйлықланды.

Дәме Алламахова институтты 1957-жылы тамамлағаннан кейин, дәслеп Ангрен қаласында №4 мектепте, соңынан Нөкистеги ВЛКСМ ның XXX жыллығы орта мектебинде муғаллим болып иследи. Ал, 1961-жылдан баслап ҳәзирге шекем Нөкис мәмлекетлик désинститутының муғаллими болып ислеп киятыр. Әлбетте, Дәме бул дәрежеге бирден ерисе алған жоқ. Дәслепки жыллары жас педагог өзиниң алған теориялық билимин мектеп оқыўшыларына жеткериўде көплеген қыйыншылықларға дуўшакерлести.

Дәме Алламаховаың көп излениўлериниң нәтийжеси, мектепте өткерген бир неше жыллық тәжирийбеси кейин университетте студентлерге психологиядан лекция оқығанда үлкен жәрдемин тийгизди. Ол өз лекцияларында студентлерге мектепте сабақ оқытқанда ҳәр бир оқыўшыны жеке билиў кереклигин, оның ушын баланың минез-қулқы менен, үй-иши ағзалары менен жақыннан таныс болыўдың зәрүрлигин мудамы тәкирарлап отырады. Сонлықтан да Дәме Алламахова аз ўақыттың ишинде студентлердиң ең сүйикли устазларының бирине айланды. Оннан тәлим алған көплеген жаслар ҳәзирги ўақытта республикамыздың ҳәмме районларында муғаллимшилик кәсиптен камал таўып, оқыўшыларға тәлим бериўде табыслы ислеп атыр. Олар өзлериниң әдиўли устазы Дәме Алламахованы мудамы ядына алып, оған деген өзлериниң шексиз алғысларын билдирип отырады. Байрам сайын қутлықлаған хатлар, открыткалар, телеграммалар усы айтқанларымыздың жанлы дәлили болып табылады. Мине, устаз мийнетине деген шәкирт алғысының қайнар булағы. Соннан илҳамланған, руҳланған устаз мудамы қартаймайды, мәңги жас болып қала береди.

Усының менен бирге Дәме Алламахова он бир баланың анасы. Оның хожалығында меҳрийбан ана қушағында жәмийетимиздиң он бир азаматы өсип, ер жетип киятыр. Бахытлы ана олардың келешекте жақсы, әдепли, адамгершиликли азамат болып өсип жетилисиўине ҳәр тәреплеме кең мүмкиншиликлер дөрете алған. Оның балалары бир-бири менен татыў, сыйласықлы жасамақта. Кишкенелери үлкенлерин ҳүрметлеп, үлкенлери кишкенелерине мудамы ғамхорлық ислейди. Хожалықта бундай жақсы ҳаўа-райының дөрелиўине, әлбетте, ерли-зайыплы Дәме менен Абдулланың татыў жасаўы, бир-бирине деген иззет-ҳүрмети, аўызбиршилиги тийкар болған.

Ҳәзир балалардың алды ел хызметине жараса, орта буўын институтта студент, мектепте оқыўшы болып тәрбия алмақта.

Дәме Алламахова усының менен бирге республикамызға белгили шайыр. Оның мазмунлы қосықлары республикалық газета-журналларда тез-тез басылып турады. Жақында «Қарақалпақстан» баспасы Дәмениң «Ана меҳри» деген қосықлар топламын бастырып шығарды. Онда шайыр ата-ананың балаға деген муҳаб-

батының шексизлигин, туўылған үлкемизге деген сүйиспеншилигин, пүткил дүньяда парахатшылық гүресиўдиң зәрүрлигин, мийнет адамының уллылығын жырлайды. Шайырдың бул китабын оқыўшы жәмийетшилиги жыллы жүзлилик пенен қабыл етти.

Дәме Алламахова жоқарыдағылар менен қатар илимий-изертлеў жумысларын да ислеп атыр. Ол Ташкенттеги Низами атындағы педагогикалық институттың психология кафедрасының излениўшиси. «Көп балалы семьяда бала тәрбиялаўдың психологиялық тийкарлары» деген темада кандидатлық диссертация жазыў үстинде тынбай мийнет етпекте. Оның бирнеше илимий-методикалық китаплары республикалық баспа сөзде басылып шықты.

Жуўмақлай келгенде, он бир баланы тәрбиялаў, университетте устазлық етиў, жаслар арасында хәр қыйлы темаларда диспутлар өткериў, жәмийетлик жумыслар атқарыў, нәзик сезимге толы лирикалық қосықлар жазыў, илимий-изертлеў жумысларын жүргизиў, соның менен бирге үлкен бир үй машқаласын көтериў бир адамнан не деген күш-ғайратты, жигерлиликти, ўақытты талап етеди. Хайран қалғандай, усы жумыслардың хәммесин атқарыўға Дәме Алламахованың күш-ғайраты, жигерлилиги толық жетеди, оларды атқарыўға ўақыт таба биледи. Сонлықтан да қаҳарман ана, хүрметли устаз, лирик шайыр, устамлы илимпаз Дәме Алламахованы бир сырлы, сегиз қырлы әдиўли аналарымыздың, устазларымыздың бири десек асыра айтқанымыз болмайды.

## БИЛИМЛЕНДИРИЎ ИСИНИҢ БЕЛГИЛИ ВЕТЕРАНЫ

Республикамызда белгили устазларымыздың бири Алғазы аға Бекбасов еди. Оның бала тәрбиясы ҳаққындағы пикирлери, педагогикалық ойлары психологиялық изертлеўлери муғаллимлер жәмийетшилигине кеңнен таныс. Әлбетте, Алғазы аға бул абырайға, бул хүрметке бирден ерисе алған жоқ. Ол жетимликтен жетилип, көп қыйыншылықларды бастан кеширип, ҳадал мийнетиниң дөретиўшилик пенен излениўлериниң нәтийжесинде усындай абырай-атаққа хүрметке миясар болды.

Кешеги жетим, саўатсыз бала бүгинги республикамыздағы бирден-бир жоқары оқыў орны—Нөкис Мәмлекетлик университетиниң илимий ислерин басқарады дегенге ол ўақытта ҳеш кимде инанбас еди.

Әкесинен жаслай қалған Алғазы дәслепки тәрбияны балалар үйинен алды. Оның маңлайынан сыйпап, жетимликтен тас болып қатып қалған жүрегин майдай ериткен, өмиринде өшпес из қалдырған әдиўли устазлары Төремурат аға Айдынов, Сапарбай аға Арысланов, Жолай аға Ермекбаев сыяқлы үлгили оқытыўшылар болды. Олардың минез-қулқы, жүрис-турысы, ақыл-кеңеслери жас шәкирттиң устазлық кәсипти таңлап алыўына үлкен тәсирин тийгизди.

Институтта оқып жүргенинде педагогикалық кәсипке, педагогикалық илимге айрықша қызығыўына профессор Жумек Орынбаев, доцент Рабийға Тимашевалар хәм рус илимпазларының педагогикалық мийнетлери себепши болды А. С. Макаренконың: «Дүньяда бир кәсип бар. Бул әң әхмийетли кәсип. Мен дүньяға еки рет келсем де, оны ҳеш қандай басқа кәсипке алмастырмаған болар едим. Бул кәсип-оқытыўшылық кәсип» деген сөзи оның ядында хат пенен қәлем болып қалды. Әсиресе К. Д. Ушинскийдиң «Егер педагогика адамды хәр тәреплеме тәрбияламақшы болса, ол дәслеп сол адамның өзин жан-жақлы билип алыўы керек» деген сөзлери оның психология илимине деген ықласын арттырып, алдағы өмир жолын көрсетип бергендей болды. Усындай қызығыўшылығының арқасында Алғазы аға 1953-жылы сол ўақыттағы СССР Педагогикалық илимлер академиясының Мийнет қызыл байрақ орденли психология институтының аспирантурасына кирип, оны 1956-жылы табыслы тамамлап, психология илими бойынша кандидатлық диссертация жақлады. Оның бул мийнетин белгили психологлар академик А. А. Смирнов, профессор П. И. Иванов, профессор Н. А. Менчинская хәм тағы басқа да илимпазлар жоқары баҳалады.

Буннан соң Алғазы аға көп жыллар даўамында институттың психология муғаллими, педагогика хәм психология кафедрасының баслығы, педагогика факультетиниң деканы болып иследи.

1976-жылы республикамыз турмысында үлкен ўақыя болды. Педагогикалық институт базасында Нөкис

мәмлекетлик университети ашылды. Университеттиң илимий ислер бойынша проректоры болып Алғазы аға Бекбасов белгиленди. Ол бул жумыста да өзин көрсетип, университеттиң республикамыздың илимий орайына айналыўына, илимий кадрларды көплеп өсирүўге бар күш-жигерин аямай жумсады.

Университетимизде илим докторларының саны жылдан-жылға артпақта. 1978-жылы университетимизде аспирантура ашылып, онда жигирмадан аслам аспирантлар оқып атыр. Елимиздеги белгили жоқары оқыў орынларына жүзден аслам аспирантлар ҳәм стажерлар оқыўға жиберилди. Онға жақын илим кандидатлары докторлық диссертациясын тамамлаў алдында тур. Илимий жумыслардың көлеми де жылдан-жылға көбеймекте. Хожалық келисими бойынша алып барылатуғын илимий жумыслардың көлеми университетимиздиң ашылыў ўақты менен салыстырғанда 20 мәртебе өсип кетти. Университеттиң грифы менен жүзден аслам монографиялар, китапшалар, сабақлықлар баспадан шықты. Биринши мәртебе студентлер ушын ҳәзирги қарақалпақ тили ҳәм қарақалпақ әдебияты бойынша сабақлықлар таярланылды. Усының ҳәммесинде де Алғазы ағаның үлеси бар десек асыра айтқанымыз болмайды.

Алғазы аға усының менен бирге илимий-изертлеў жумысларынан да қол үзген емес. Ол бир неше монография, китапшалар ҳәм илимий статьялардың авторы. А. Бекбасов көп жыллардан берли педагогикалық психология тараўында, атап айтқанда, оқыўшы жасларға билим бериў ҳәм тәрбиялаўдың психологиялық тийкарлары бойынша изертлеўлер жүргизип келеди. Бул изертлеўлер билим бериў ҳәм тәрбиялаў жумысларының мазмунын дурысырақ түсиниўге, сабақлықлар менен оқыў қуралларына ҳәр түрли талапларды анықлаўға, оқыўшылрдың ақыл-ой хызметлери менен минезқулқын басқара отырып, олардың ҳәр жақлы раўажланыўын тәмийинлейтуғын билим бериў ҳәм тәрбиялаўдың тийимли усылларын таўып тийкарлаўға мүмкиншилик береди.

А. Бекбасовтың илимий-изертлеўлериниң нәтийжеси илимий мийнетлеринде өз көринисин тапты. Ол өз изертлеўлериниң нәтийжелери тийкарында халық аралық психологиялық конгресслерде, пүткил аўқамлық симпозиумларда ҳәм илимий-теориялық конференцияларда баянат иследи ҳәм белгили илимпазлардың жоқары баҳасын алды.



Алғазы ағаның илимий жумысларының бирине 1970-жылы Ташкенттеги «Оқытыўшы» баспасынан «Миллий мектеплерде рус тилин дәслепки үйретиўдиң психологиялық тийкарлары» атлы китабы мысал болады. Автор бул мийнетинде қарақалпақ оқыўшыларының рус тилин баслаўыш класcларда өзлестириў психологиясының гейпара мәселелерин сөз етеди.

Кирисиўде рус тилин оқыўшыларға үйретиўдиң әҳмийнети, мийнетте сөз болатуғын тийкарғы мәселелер қысқаша баянланады.

Мийнет үш бөлимнен турады. Биринши бөлиминде автор миллий мектеп оқыўшыларының рус тилин өзлистириўине арналған педагогикалық, психологиялық илимий мийнетлерге тоқтап, оларға кеңнен талқылаў ислеген. Ҳәр түрли пикирлерге өзинше илимий баҳа берген. Бул күтә орынлы. Себеби рус тилин миллий мектеп оқыўшыларына үйретиў мәселелерине арналған психологиялық мийнетлерди есапқа алмай, оларға тийисли баҳа бермей турып, қарақалпақ мектеплериндеги оқыўшылардың рус тилин өзлестириў психологиясын, оның өзине тән өзгешеликлерин сөз етиў мүмкин емес екенлигин автор жақсы түсинген. Соның менен бирге автор усы бөлимде рус тилин қарақалпақ оқыўшыларына үйретиў усылларын да сөз етип, рус тили а) моделлер арқалы: б) грамматика жәрдеми менен оқыўшыларға жеткериледи» деген күтә баҳалы пикирлер айтқан (17-бет). Әсиресе миллий мектеп оқыўшыларының рус тилин өзлестириўинде ана тилиниң тәсири фонетика бөлиминен анық көринеди» деген пикирине көплеген мысаллар келтирип дәлиллейди.

Китаптың екинши бөлиминде қарақалпақ оқыўшыларының рус тилин үйрениўге таярлық жағдайы сөз етиледи. Ҳәзирги дәўирде қарақалпақ оқыўшылары рус тилин үйрениўге жас ўақтынан баслап-ақ қызығады. Олар мектепке келгенге шекем бираз рус сөзлерин билип алады.

Мийнеттиң ең баҳалы тәрепи сонда бул мийнет қарақалпақ оқыўшыларының рус тилин өзлестириўдеги психологиялық тийкарларына арналып жазылған ҳәм

оны ҳәр тәреплеме кеңнен талқылаған бирден-бири илимий китап болып табылады. Рус тилин үйретиўдиң психологиялық тийкарлары, рус тилин үйретиўдеги ушырасатуғын қыйыншылықлар ҳәм оларды жойыў жоллары, рус тилин үйретиўди жеңиллестиретуғын методикалық усыныслар, сөзсиз оннан пайдаланған ҳәр бир рус тили муғаллимине, тек ғана рус тили муғаллими емес, ана тили муғаллимлерине де, үлкен жәрдемин тийгизеди ҳәм олар сабақта өз алдына қойған мақсетлерине ерисе алады деп исенемиз.

Алғазы Бекбасов өзиниң устазларының бири профессор Жүмек Асқарович Орынбаев ҳаққында, Ж. Қайырбаев пенен биргеликте «Көрнекли илимпаз, әдиўли устаз» атлы китап жазып, оны 1982-жылы баспадан шығарды. Онда сол ўақыттағы Өзбекстан ССРы ҳәм Қарақалпақстан АССРына мийнети сиңген илим ғайраткери, педагогика илимлериниң докторы, профессор Жүмек Асқарович Орынбаевтың өмир жолы, педагогикалық илимий хызмети, илимий-изертлеў жумыслары ҳәр тәреплеме талқыланады. Илимпаздың қарақалпақ педагогика илиминиң тийкарын салыўшылардың бири екенлигин айрықша атап өтеди. Бул өзиниң устазына деген шәкиртлик сүйиспеншиликтиң, оған деген иззет-ҳүрметтиң айрықша белгиси, устазына орнатқан мәңгилик ескерткиши десек асыра айтқанымыз болмайды. Устазға деген сыйласық, ҳүрмет буннан артық болмаса керек.

Алғазы аға республикалық көлемдеги жәмийетлик турмысқа да белсендилик пенен араласып, мектеп ҳәм шаңарақ, олардың бала тәрбиялаўдағы алтуғын орны, мектептеги эстетикалық тәрбия мәселелери, мәденияттылық ҳәм тағы басқалар ҳаққында жийи-жийи мақалалар жазып турады.

Ҳүкиметимиз Алғазы Бекбасович Бекбасовтың халық билимлендириў тараўындағы көп жыллық минсиз хызметлерин жоқары баҳалады. Оған «Қарқалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери», «Өзбекстан Республикасына мийнети сиңген муғаллим» ҳүрметли атақларын берди. Бир неше мәртебе сол ўақыттағы Өзбекстан ССРы ҳәм Қарақалпақстан АССРы Жоқарғы Совети Президиумларының ҳүрмет жарлықлары менен сыйлықланды.



## ҲАҚЫЙҚЫЙ ИНСАН ҲӘМ КӨРНЕКЛИ АЛЫМ

Оның республикамызға Ташкент қаласынан келиўдеги ҳәр бир қәдеми илим, әдебият, мәденият ғайраткерлерине үлкен байрам еди. Оның келиўин усы тараўларға өзлерин бағышлап жүрген пәк жүрекли инсан жүдә бир асығыслық пенен күтер еди. Себеби, бул үлкен алымның туўылған топырағына, ана диярымызға сапары тегиннен тегин емес, ал жаңалықларға толы екенлигин адамлар жүдә жақсы билип қалған. Ол бирде аўқам көлеминдеги конференция яки сырт еллердеги конгресслерге барып, Орта Азия ҳәм Қазақстан, улыўма Совет әдебиятындағы тың мәселелер бойынша бундай әнжуманлар қатнасыўшыларына илимий жағынан мазмунлы және қунлы баянатлар, билдириўлер ислеп, жыйналғанларды талай мәртебе қайыл қалдырғаны мәлим...

Мине усындай сапарлардан тәсирлерин өзиниң бурынан соңғы бирге ислесип, жақыннан жәрдем берип жүрген ӨзССР Илимлер академиясы Қарақалпақстан филиалындағы, сондай-ақ Нөкис Мәмлекетлик университетиндеги кәсиплеслерине, улыўма жәмийет, гуманитар илимлер шақабында шуғылланыўшыларға палын тамызып айтып бергенде тыңлаўшылар оның ҳәрбир салдамлы және исенимли гәпине ҳайран қалып, ишинен нур жаўдырып, рахметлер айтып отырғанының талай мәртебе гүўасы болғанбыз.

...Бир мәртебе, бул 1983-жыл еди, атақлы әтақлышы алым Нөкиске келип, Н. Дәўқараев атындағы тарийх, тил ҳәм әдебияты институтының илимий хызметкерлери менен ушырасыў өткерди, бир топар белгили әдебиятшы-алымларға ӨзССР ның Әбиў Райхан әл-Беруний атындағы мәмлекетлик сыйлығы лауреатының ҳүжжетлерин өз қолынан оларға тапсырып атырып, былай деген еди: «Басқа адам келип буларды тапсырғаннан гөри өзим бул жоқары ҳүкиметлик илимий наградаларды қәдирдан кәсиплеслерим сизлерге әкелип, қолларыңыздан қысып, қуўанышларыңызды бирге бөлискенди мақул көрдим..» —деген гәплеринде қандай терең мәни бар екенлигине биз сол ўақытта-ақ түсингенбиз. Усындай бир азы-кем пурсаттан пайдаланып, ол жанажан әдебиятшылардың, улыўма илимниң ҳәзирги жағдайы, келешеги туўралы кәсиплес-

лери менен тағы да бир мәртебе ойласып, кеңескени қандай әжайып екенлигиниң қәдир-қәўметине ҳәзир ғана көзимиз жеткендей болып отырмыз. Бирақ сол ўақыттағы ҚҚАССР Жоқарғы кеңесиниң баслығы Көптилеў Нурмухамедов 30-жылларда бийгүнә репрессияға ушыраған көп ғана қыйыншылық, жетимликлердиң азабын шеккен машақатлы қысқа өмиринде ислеп үлгерген жумыслары қаншелли болса, алдағы жойбарлары да, арзыў-әрманлары да соншелли еди. Лийкин, мийримсиз әжел арамыздан ерте алып кетпегенде 1990-жылдың 6-январында ол тек болғаны 60 жасын толтырар еди.

...Уллы Ўатандарлық урыстан кейинги жылларда бир топар қарақалпақ жасларын елимиздиң ири қалаларында жоқары қәнигели маманлар таярлаў мақсетинде оқыўға жибергенлер арасында Марат Көптилеў улы Нурмухамедов та болды. Ол 1950-1953-жылларда СССР Илимлер академиясы Шығыс таныў институтының аспирантурасында оқып, 23 жасында көрнекли Совет алымы, СССР Илимлер академиясының хабаршы ағзасы Е. Э. Бермельстиң илимий басшылығында «Рус әдебиятының қарақалпақ совет әдебиятының раўажланыўына тәсири» деген әҳмийетли темадағы диссертацияны ойдағыдай жақлап филология илимлериниң кандидаты илимий дәрежесин алады және республикамыздағы ең туңғыш жоқары қәнигели алымлардан есапланады.

Буннан дерлик 30 жыл бурын үлкемизде шөлкемлестирилген ӨзССР Илимлер академиясы Қарақалпақстан филиалының президиум баслығы болып көрнекли әдебиятшы алымның таярланыўы да тегин емес еди. Себеби ол соған дейин ақ илимий жумысларды шөлкемлестириўши сыпатында көзге көринип, бирқанша көлемли мийнетлери менен республика жәмийетшилигине танылды.

Оның әдебияттаныў илиминиң тың мәселелери бойынша айналысыўының дәлили ретинде мына нәрсени атап өтиў мүмкин. ӨзКП Қарақалпақстан обкомының секретары лаўазымында ислеп атырған дәўиринде (1965-жыл) ол Ташкенттеги А. С. Пушкин атындағы тил ҳәм әдебият институтының илимий кеңесинде қарақалпақ совет прозасының шешилмей атырған мәселелери бойынша докторлық диссертациясын кеўилдегидей жақлап шығады.



Улыўма өзиниң саналы өмиринде М. К. Нурмухамедов 400 ге жақын жумыслар жазды. Көрнекли әдебиятшы-алым Орта Азия халықлары мәденияты және әдебиятының тарийхый мәселелерине арналған илимий баҳалылығы жағынан қунлы, салмақлы монографиялардың илимий-көпшилик әдебиятлардың, орта мектеплер менен жоқары оқыў орнына арналған сабақлықлардың авторы сыпатында да бизиң елимизде және сырт еллерде де үлкен абыройға ийе еди.

Ол соңғы он жыллықлардың өзинде «Орта Азия ҳәм Қазақстандағы ярым отырықлы және көшпели түркий тиллес халықлар жазба әдебиятының пайда болыўы туўралы »(1970), «Қарақалпақлар» (Т. А. Жданко ҳәм С. К.Камалов пенен бирге жазған тарийхый этнографиялық очерк), «Рус-қарақалпақ мәдений байланыслары тарийхынан» (1974), «Аяпберген Муўса улы—қарақалпақ совет әдебиятының баслаўшысы» (1980), «Халықлар тәғдири мәдениятлар тәғдири» (1982), «А. С. Пушкин ертеклери ҳәм Орта Азия халықлары» (1983), деп аталған гейпара мийнетлерин келтириўдиң өзи-ақ жеткиликли деп ойлаймыз.

М. К. Нурмухамедов әдебият таныў илиминиң тазалығы ушын ҳақыйқый гүресшең еди, сонлықтан ол буржуазиялық еллердеги гейпара советологлар тәрепинен совет ҳақыйқатлығы бурмаланыўына қарсы үзликсиз және аяўсыз түрде гүрести. Советлер аўқамы менен сырт еллерде өткерилген ҳәр қыйлы съездлер, конференциялар, форумлар, кеңеслер симпозиумларға белсенди түрде қатнасып, Орта Азия және Қазақстан халықлары әдебиятларының тың мәселелери бойынша баянатлар, билдириўлер жасады. Усылардың жуўмағы иретинде изертлеўшиниң «Әдебияттаныў илими ҳәм идеологиялық гүрес» (1976), «Әдебият және идеология» (1977) т. б. мийнетлериниң англичан, венгер, түрк сондай-ақ басқа тиллерде баспадан шыққанлығын атап өтиў мүмкин.

Ол 1958-жылдан берли 11 мәртебе баспадан шығарылған орта мектептиң 10-класына арналған «Қарақалпақ совет әдебияты» ҳәм Нөкис Мәмлекетлик университети филология факультетиниң талабаларына бағышланған «Қарақалпақ совет әдебияты» (1980) сабақлықлары авторларының бири еди. Оның гейпара

лердиң алдында турған тийкарғы ўазыйпалардың бири —мектеплерге арналған оқыў қуралларын дүзиў еди. Сонлықтан қарақлпақ хәриплиги менен орфографиясы туўралы мәселе күн тәртибине қойылып, СССР Илимлер академиясы мәденият секциясының мәжилисинде К. Убайдуллаевтың «Қарақалпақ тили орфографиясының жаңа қәделери» деп аталған баянаты тыңланды және ол «Қарақалпакия» жыйнағында (II том, Санкт-Петербург, 1934-жыл) баспадан шықты.

Жас алымның бул баянатын додалаўға көрнекли совет тюркологлары С. Е. Малов, Н. А. Баскаков, А. К. Боровковлар қатнасады.

Аталған орфография қәделери тийкарында 1953-55 жыллары Москвадағы оқыў педагогикалық қураллары-ның мәмлекетлик баспасынан (Учпедгиз) К. Убайдуллаев, Н. Абрамов, Н. А. Баскаков, А. Қыдырбаев және Қ. Ермановлар тәрепинен баслаўшы хәм орта мектеплердиң оқыўшыларына арналған «Жас өспирим», «Әлипбе», «Қарақалпақ тили», «Оқыў китабы» тағы басқа да сабақлықлар шығарылады.

1935-жылдың июнь айында Төрткүлде тил бойынша екинши конференция шақырылып, онда қарақалпақ әдебий тили раўажланыўының келешектеги ўазыйпалары менен орфографияның жаңа жойбары, терминологияның принциплерин ислеп шығыў мәселелери сөз болды, ал арадан үш жыл өткеннен кейин К. Убайдуллаевтың Н.Дәўқараев, К. Айымбетовлар менен бирге ислеп шыққан орфографияның жаңа қәделери тастыйықланып, қабыл етилди. Бул жетистирилген қәделер тийкарында бир неше турақлы оқыў куураллары, сиясий және көркем әдебиятлар шығарылды.

Әлбетте, латын әлипбеси тилимиздиң тез пәт пенен өсиўине, хәр тәреплеме гүллениўине өзиниң белгили жәрдемин тийгизе алмағанлығын, өсип баратырған талапларға толық жуўап бермегенлигин де айтыў орынлы.

Усыған байланыслы күн тәртибине жазыўды рус графикасы тийкарындағы әлипбеге сәйкеслендириў мәселеси қойылды. Қарақалпақ комплексли илимий-изертлеў институты бул жумысты шөлкемлестириўде бирден-бир илимий орайға айланып, Қ. Убайдуллаевтың басшылығында қарақалпақ тилиниң жаңа хәриплиги хәм орфографиясы ислеп шығылады. Ол 1940-



жылдың декабринде қабылланып, тастыйықланды. Рус графикасындағы жаңа хәрипликтиң дүзилиўи тил билими тарийхындағылары айта қаларлықтай мәдений ўақыя еди. Ол әдебий тилимиздиң раўажланыў тарийхында жаңа басқыш болып есапланады. Оның анықлап және жетилистирилип сол ўақыттағы ҚҚАССР Жоқарғы кеңеси Президиумының Пәрманы менен бекитилген (1957-жыл, 28-февраль), «Қарақалпақ тил хәриплиги хәм орфографиялық қәделериниң жыйнағы» да Кенжебай Убайдуллаевичтиң қатнасы менен шыққан.

Алым хәзирги заман қарақалпақ тили бойынша бир қатар сабақлықлары менен бағдарламлардың ең биринши авторларынан есапланады. Ол 1938-жылы баслаўшы мектептиң I-II класслары ушын «Қарақалпақ тилиниң сабақлығы», 1940-жылы Егеделер мектеби ушын «Қарақалпақ тилиниң әлипбеси», ал 1944-жылы «Егеделер мектеби ушын қарақалпақ тили» сабақлығы, III класс ушын «Қарақалпақ тили» сабақлығы мийнетлерин таярлайды. 1948-жылы Х. Галикеев пенен бирге III класс ушын «Ана тили» китабын, 1963-жылы «Қарақалпақ тилиниң» сабақлығын (синтаксис, орта мектептиң 7-8 классларына арналған) жазады.

Ол 1947-жылдан өмириниң ең соңғы күнлерине шекем баслаўыш, орта мектеплерге қарақалпақ тили бойынша бағдарламалар таярлаўда белсендилик пенен қатнасты.

Алым қарақалпақ тили бойынша көрнекли лексикографлардың бири сыпатында көзге көринди. 1941-жылы шыққан қарақалпақ тилиниң қысқаша орфографиялық сөзлигиниң 1958-жылы Москвадан шыққан үлкен «Қарақалпақша-русша сөзликти» дүзиўши авторлардың бири болды.

Илимий дөретиўшилик ислериниң дәслепки дәўирлеринде ол аўдармашылық хызмети менен де айланысып «ВКП (б) тарийхының қысқаша курсын», «Ленинизм мәселелери» атлы мийнетин аўдарыўға және редакторлаўға қатнасты.

Кенжебай Убайдуллаевич қарақалпақ әдебияты таныў илимине де өз үлесин қосты. 1949-жылы басқа әдебиятшылар менен бирликте 8-классқа арналған қарақалпақ әдебияты сабақлығын хәм орта мектептиң 8-10-класслары ушын қарақалпақ әдебияты бойынша бағдарламаны баспадан шығарды.

Белгили алымның қарақалпақ тил билими, жазыўы, илимий грамматиканың әҳмийетли мәселелерине арналған теориялық сыпаттағы мийнетлери әдеўир әҳмийетке ийе. Сөзимиздиң гүўасы иретинде оның республикалық «Совет Қарақалпақстаны», «Советская Каракалпакия» газеталарының бетлеринде жәрияланған тилдиң орфографиясына арналған мақалаларын келтириўге болады.

«Қарақалпақ тили жазыўының раўажланыўы» деп аталған жумысында (1957-жылы) автор халқымыз жазыўының тарийхын тәриплеп, раўажланыў жоллаРын талқылайды. Аталмыш жумыс ҳәзирги күнлерге шекем жоқары оқыў орынларының студентлерине жазыўымыздың тарийхы бойынша ең керекли оқыў қуралы ретинде хызмет етип киятырыпты.

Әсиресе оның монографиялық сыпатта жазылып, 1955-жылы СССР Илимлер академиясы тил билими институтының илимий кеңесинде кандидатлық диссертация түринде жақланған «Ҳәзирги қарақалпақ тилиндеги анықлық фейилдиң өткен мәҳәли категориясы» деп аталған жумысы изертлеўшилердиң дыққатына сазаўар болды. Соңғы жылларда алым ҳәзирги қарақалпақ тилиниң фонетикасы бойынша илимий ислерди қунт пенен орынлады. Усының нәтийжесинде 1965-жылы «Ҳәзирги қарақалпақ тили», «Фонетика» деп аталған изертлеўи баспадан шықты.

Нөкис мәмлекетлик пединститутының кафедра баслығы, доценти болып хызмет еткен дәўиринде республикамыз мектеплерине қарақалпақ тили бойынша жоқарғы қәнигелиги муғаллимлерди таярлаў исине де салмақлы үлесин қосады. Оның көплеген шәкиртлери мектеплерде көрнекли муғаллим, сондай-ақ илимий хызметкерлер болып табылады. К. У. Убайдуллаевтың тиккелей қатнасы менен баслаўыш, орта мектеплерге арналған оқыў қуралларының жаңа авторлары, дүзиўшилери, оның басшылығында бир қанша илим кандидатлары өсип жетилисти.

Өзиниң адамгершилик қәсийетлери бойынша Кенжебай Убайдуллаевич жүдә әлпайым, дыққатшыл, басқаның қуўанышы ҳәм қайғысын бирге бөлисетуғын азамат ҳәм искер адам еди. Алымның хызметлери ҳүкиметимиз тәрепинен жоқары баҳаланды. К. У. Убайдуллаевтың естелигин мәңги қалдырыў мүнәсибети менен республикалық муғаллимлердиң билимин жетилистириў институты оның атына қойылды. Сондай-ақ, «Қарақалпақстан» баспасы тәрепинен алымның қарақалпақ тили бойынша таңламалы мийнетлери (Нөкис, 1976-жылы) және рус тилинде «Ҳәзирги қарақалпақ тилиндеги анықлық фейилдиң өткен мәҳәл категориясы» (Нөкис, 1978-жыл) жумыслары басып шығарылды.

Азамат искер, көрнекли алым, қарақалпақ тил билиминиң тырнақ тасын қалаўшыларының бири Кенжебай Убайдуллаевтың жарқын өмири өзинен кейинги жас илимпаз әўладларға көп үлгилер береди.

## БЕЛГИЛИ АЛЫМ ПЕДАГОГ

Ҳәзирги заман қарақалпақ тил билиминиң қәлиплесиўи, буннан былай да раўажланыўына өзиниң салмақлы үлесин қосқан алымлардың бири—филология илимлериниң кандидты, доцент Ахмет Қыдырбаевич Қыдырбаев еди.

...Жас ўақтынан жетим қалған Ахмет үй рузыгершилигиниң барлық қыйыншылықларын өз мойнына алыўға мәжбүр болады. 1928-жылы Төрткүлдеги педтехникумға оқыўға түседи де, оны мийнет пенен байланыстырады. Шәҳәрдеги пахта тазалаў заводы жанынан шала саўатлы жумысшылар ушын шөлкемлестирилген мектепте оқытыўшылық хызметин атқарады. Бул оқыў орнының толық курсын тамамлағаннан кейин Шаббаздағы (ҳәзирги Беруний) балалар үйинде оқыў бөлиминиң баслығы, Төрткүлдеги №1-мектепте, педтехникумда қарақалпақ тилинен муғаллим болыпислейди.

Келешек алым қарақалпақ тилиниң ҳәриплиги, орфографиясы ҳәм терминологиясын дүзиў мәселелерине белсендилик пенен қатнасады.

...А. Қ. Қыдырбаевтың баслаўыш мектептиң биринши класы ушын жазылған «Әлипбе» китабының Москвадағы оқыў-педагогикалық баспасынан шыққанына ҳәзир ярым әсирден асып кетти. Оны шығарыў мәселелерине байланыслы авторды ССРА билимлендириў халық комиссары А. Бубнов қабыллайды, узақтағы Қарақалпақстан оның халқы үрп-әдетлери, мәденияты, тили ҳаққында көп ғана нәрселер менен

қызықсынады. А. Бубнов және Н. К. Крупская жас қәнигеге оның биринши мийнетиниң баспадан шығыўына жақыннан жәрдем береди. Ал, 1934-жылы аталмыш баспадан жас педагогтың орта мектеплерге арналған «Қарақалпақ тилиниң грамматикасы» деп аталған екинши мийнети шығарылды. Бул жумыс турақлы сабақлық иретинде бирнеше мәртебе қайтадан басып шығарылып оннан қарақалпақ жасларының бир қатар әўлады тәлим алды.

Қарақалпақстандағы егеделер арасындағы саўатсызлықты сапластырыўда оның «Саўат ашыў мектеби ушын әлипбе» деп аталған жумысы (М., 1936), баслаўыш ҳәм орта мектеплерге арналған қарақалпақ тилин оқытыў бағдарламасы айта қаларлықтай әҳмийетке ийе болды. «Бағдарлама» ең биринши мәртебе сөз етилген автор тәрепинен дүзилип, республикалық халық билимлендириў комиссариаты тәрепинен тастыйықланып, Төрткүлде шығарылды. Оған грамматикалық терминлердиң русша- қарақалпақша сөзлиги қосымша түринде берилген еди. Сөз етилген оқыў қураллары өз ўақтында Қарақалпақстан мектеплериндеги тилши- муғаллимлердиң күнделикли қолланбаларына айналды.

Ол оқытыўшылық хызметин илимий жумыслар менен байланыслы алып барады, өзиниң билим дәрежесин буннан былай да толықтырыў мәселесин де ойлайды. Усы мақсетти иске асырыў ушын 1938-1940-жыллар аралығында Төрткүлдеги муғаллимлер институтында билим алып, оқыў ағласы болады және оны тамамлағаннан кейин аталмыш оқыў орнының қарақалпақ тили ҳәм әдебияты кафедрасында оқытыўшылық хызметке қалдырылады.

1943-жылдың сентябрь айынан баслап А. Қ. Қыдырбаев Орта Азия мәмлекетлик университетиниң аспиранты: оның филология факультетиниң илимий кеңесинде филология илимлериниң кандидаты илимий дәрежесин алыў ушын «Қарақалпақ тилиндеги сеплик жалғаўларының категориясы» деген темадағы диссертациясын ойдағыдай жақлап шығады.

Усылай етип ол Қарақалпақстандағы ең биринши филология илимлериниң кандидаты (1944-ж) ҳәм доцент (1945-ж) илимий дәреже менен атаққа ийе болады.



Алым-педагог 10 жыл даўамында (1940-1950) Қарақалпақ мәмлекетлик пединститутында қарақалпақ тили және әдебияты кафедрасының доценти, кафедра баслығы лаўазымларын атқарады.

Бул жоқары оқыў орны пүткил елимиз бенен бирге Уллы Ўатандарлық урыстың ең аўыр жылларында да қәнигели педагогикалық оқытыўшыларды таярлаў исин даўам етти. Тылдағы мийнеткешлер фронтқа материаллық, сондай-ақ моральлық жағынан жақыннан жәрдем берди. Буның айқын дәлили иретинде санаат кәрханаларының, аўылхожалығы, илим, мәденият, билимлендириў т. б. тараўлардағы хызметкерлердиң ҳадал мийнетин көрсетиўге болады. Олардың қатарында А. Қ. Қыдырбаев та бар еди. Бул жыллардағы мийнети баҳаланып «Ўатандарлық урыс жылларындағы (1941-1945-жж.) даңқлы мийнети ушын» медалы менен сыйлықланады.

Қарақалпақ мәмлекетлик пединститутында ислеген ўақытлары алым бирнеше илимий мақалаларды жазып, баспадан шығарды.

Балаларды үлгили тәрбиялаў ҳәм оқытыў, узақ жыллық педагогикалық хызмети, жәмийетлик өмирге белсендилик пенен қатнасқаны ушын буннан 48 жыл бурын оған «Өзбекстан ССРына хызмет көрсеткен муғаллим» атағы берилген еди.

Ол үлкемиздеги улыўма билим беретуғын мектеплердиң оқыўшыларына арналған биринши сабақлықлар, жәрдемши оқыў қуралларының дәслепки авторларынан есапланады; педагогикалық тәжирийбени илимий-теориялық ислер менен байланыстырады; қарақалпақ тил билиминиң тың мәселелерин шешиўге өз билимин жумсайды.

Республикалық муғаллимлердиң билимин жетилистириў институтында кабинет баслығы болып ислеген дәўиринде де қарақалпақ тилиниң орфографиялық қәделерин дүзиўге белсендилик пенен қатнасады, «Қарақалпақ әлипбеси ҳәм орфографиялық қәделериниң жыйнағы», «Орта мектептиң 8-9 класслары ушын қарақалпақ тилиниң бағдарламасы» т. б. жумысларды жазады.

Ол шерек әсирге шамалас ӨзССР Илимлер академиясының Қарақалпақстан филиалы Н. Дәўқараев атындағы тарийх, тил ҳәм әдебияты институтының сөзликлер

жəне терминология бөлиминде аға илимий хызметкер, бөлим баслығы лўазымларында болды. Соңғы жылларда институттың аталған бөлиминде аға илимий хызметкер ўазыйпасын атқарды.

Қарақалпақ лексикограф-алымларының 60-жыллардағы ең үлкен ири жумысларының бири —«Русша-қарақалпақша сөзлик» еди. Бул луғат 47000 ға шамалас сөзден ибарат болып, 1967-жылы Москвадағы «Советская энциклопедия» баспасынан сапалы етип шығарылды. Сондай-ақ алымлар жəмəəти таярлаған «Ҳəзирги заман қарақалпақ тили (морфология)» (Н., 1972) китапханалар нəзерине усынылды. Усы мийнетлерге А. Қ. Қыдырбаевта авторлардың жəне редколлегия ағзаларының бири сыпатында өз үлесин қосты.

Аталған дəўирде автор тəрепинен баспадан бирқанша илимий мақалаларда жəрияланады. Москва, Санкт-Петербург, Қазан, Алма-Ата, Ташкент, Бешкек қалаларында түркий тиллериниң əҳмийетли мəселелерине арнап өткерилген илимий сессияларға, конференцияларға, кеңеслер менен симпозиумларға қатнасады.

Лексикограф-алым Н. Дəўқараев атындағы тарийх, тил ҳəм əдебияты институты Сөзликлер жəне терминология бөлиминиң илимий хызметкерлери тəрепинен баспаға таярланған төрт томлық «Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги» (биринши томы 1982-жылы баспадан шығарылды) деп аталған көп жыллық илимий жумыстың авторларының, сондай-ақ редколлегия ағзаларының бири еди. Өз дəминиң соңғы мəўритлерине дейин аталған мийнетти редакторлаў менен қатар, сол бөлимниң «Қарақалпақша-русша сөзлик» деп аталған жəмəəтлик жойбарлы жумысына да қатнасты.

45 жылдан аслам илимий-педагогикалық хызмети дəўиринде көплеген сандағы муғаллимлерди, илимий хызметкерлерди таярлаў менен бирге қарақалпақ тили бойынша бир қанша илимий мийнетлер: сабақлықлар, жəрдемши оқыў қуралларын дүзип шықты. Оның тəрбиялаған шəкиртлери республикамыздың ҳəмме жеринен де табылады. Олардың арасында ӨзР ҳəм ҚҚР ға мийнети сиңген муғаллимлер, соның менен бирге алымлар, жазыўшылар, басшы хызметкерлерде бар.

Алымның узақ жыллар даўамындағы илимий-педагогикалық, жəмийетлик хызметлери жүдə жоқары баҳаланды. Қарақалпақ тил билимин раўажландырыўға



қосқан үлеслери есапқа алынып оған «Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери» ҳүрметли атағы берилди. Сол ўақыттағы СССР Жоқарғы Совети Президиумы тəрепинен бирқанша медальлар менен сыйлықланды, ӨзССР, ҳəм ҚҚАССР Жоқарғы Советлери Президиумының Ҳүрмет жарлықларына миясар болды....

Биз жоқарыда қарақалпақ тил билиминиң ирге тасын қалаўшылардың бири, белгили алым-педагог А. Қ. Қыдырбаевтың басып өткен өмир жолы туўралы қысқаша баянладық.

Оның өзинен соңғы əўладларға қалдырған илимий жумыслары қарақалпақ тилиниң қəнигелерине, республикамыз мектеплериндеги тилши-муғаллимлерге, аспирантларға, жоқарғы оқыў орны талабаларына, улыўма ана тилимиздиң сан-алўан сырлары менен қызығыўшыларға жақыннан жəрдем береди.

Н. Дəўқараев атындағы тарийх, тил ҳəм əдебият институтының тилши-алымлары оның естелигин мəңги қалдырыў мақсетинде мийрасларын тереңнен үйренип, 70 жасқа толыўы алдынан марҳумның «Қарақалпақ тили бойынша мийнетлер» (8 баспа табақ) деп аталған жумысын «Қарақалпақстан» баспасына усынды. Ол аталған баспа тəрепинен 1989-жылы шығарылды.

Усылай етип, А. Қ. Қыдырбаев қарақалпақ тил билиминиң қəлиплесиўи, буннан былай да раўажланыўында салмақлы үлес қосқан талантлы алымлардың бири еди. Демек, бул тараўында өзиниң гиреўли орнына ийе алым-педагог биз бенен бирге жасай береди деп айта аламыз.

## КӨРНЕКЛИ ƏДЕБИЯТ ИЗЕРТЛЕЎШИСИ

Ҳаял-қызлар арасынан шыққан туңғыш филология илимлериниң докторы Зайтуна Ҳəкимовна Насыруллаеваның «Қаҳарман ҳəм дəўир» деп аталған мийнети жақында «Қарақалпақстан» баспасынан рус тилинде шығарылды. Лийкин, алым өз жумысының шыққанын көре алмады. Бул мийрас оның улы тəрепинен таярланылған...

...Аўа, алым Зайтуна Ҳəким қызы арамыздан ерте кетти. Дүньяға шығып кəмалға келгеннен кейин barлық саналы өмири мийнет етиў менен өтти. Көп излен-

ди, толғанды, турмыстың бирқанша қыйыншылықла-
рын да көрди, бирақ ҳәммесин де жеңип шығып, өзи-
ниң идиралды әрманын иске асырды, илим докторы
болды, дүньяға еки бирдей перзентти инәм етип, олар-
дың халық қатарына қосылыўына барлық аналық, меҳи-
рин бағышлады.

Жаслығынан илим жолына түскен Зайтуна Ҳәким
қызы қарақалпақ мәмлекетлик пединститутын питкер-
геннен кейин Нөкис аўылхожалығы техникумында рус
тили ҳәм әдебияты пәниниң оқытыўшысы болып ис-
леп,соңынан Москва қаласындағы М. Горький атында-
ғы дүнья жүзилик әдебият институтының аспирантура-
сына оқыўға жибериледи. Ол буннан кейинги жыллар-
да (1956-1958-ж.) Нызамий атындағы Ташкент падинс-
титуты, сондай-ақ қарақалпақ мәмлекетлик пединсти-
тутында устазлық етеди де, ал оннан кейинги жыллар-
да илимий-изертлеў жумысына биротала бел байлар,
Н. Дәўқараев атындағы тарих,, тил ҳәм әдебият инсти-
тутында илимий хызметкер болады. 1961-65-жылларда
З. Ҳ. Насыруллаева республикамыздың мәдений жу-
мысларын буннан былай да беккемлеў ҳәм раўажлан-
дырыў ислерине өзиниң салмақлы үлесин қосады, дәс-
леп министрдиң орынбасары, соңынан Қарақалпақ-
стан Республикасы мәденият министри лаўазымларына
тайынланады.

З. Ҳ. Насыруллаеваның илимий-изертлеў жумысла-
рының көлеми ҳәрқыйлы. Ол 1961-жылы кандидатлық
ҳәм 1983-жылы докторлық диссертацияларды жақлады.
Ол қарақалпақ әдебияттаныў илиминиң әҳмийетли
машқалаларын шаршамастан үйренип, тереңнен изерт-
лейтуғын әдебиятшылардың бири еди. Оның қәлеми-
нен шыққан «Садық шайырдың поэзиясында ҳаял-қыз-
лар образы» («Әмиўдәрья», 1960, №8) деп аталған
туңғыш мақаласынан баслап өмириниң соңғы демине
дейин бул тараў менен шуғылланыўы дәўиринде 60
тан аслам мийнетлер менен мақалалар жәриялады.

Талантлы әдебият сыншысы иретинде де З. Ҳ На-
сыруллаева бирқанша мийнетлер дөретти. Бундайлар-
дың қатарына ол тәрепинен дөреген Т. Қайыпбергенов-
тың, И. Қурбанбаевтың, А. Әлиевтың, Қ. Жуманиязов-
тың шығармаларына бағышланған сын мақалалары
менен дөретиўшилик шығармаларын, сондай-ақ бирқан-
ша пикирлерин атап өтиў мүмкин.



Көрнекли изертлеўшиниң әдебияттаныў илиминиң әҳмийетли мәселелерине арналған мақалалары Москвадан шығатуғын «Литературное обозрение» журналын да, ӨзССР Илимлер академиясының хабаршысында «Әмиўдәрья» журналында, гейпара жыйнақларда, сондай-ақ республикалық газеталарда да жәрияланды.

Зәбердес алым «Қарқалпақ совет әдебияты» машқаласы бойынша илимий кеңестиң жумысына да белсендилик пенен қатнасты.

Белгили әдебиятшы болған ол Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан көлеминде илимий қәнигелерди таярлаў мәселесине де айрықша кеўил бөлген еди. Буған оның Өзбекстан ССР Илимлер академиясы А. С. Пушкин атындағы тил ҳәм әдебият институтының жанындағы докторлық дәреже алыў бойынша диссертациялар жақлайтуғын Арнаўлы кеңестиң ағзасы сыпатында да бирқанша жумыслар атқарыўын көрсетиў мүмкин.

Өзине тапсырылған ҳәмме салаларда да З. Ҳ. Насыруллаева барлық күшин жумсап, қарақалпақ әдебияттаныў илиминиң раўажланыўына салмақлы үлес қосқан изертлеўшилерден есапланады.

Ол өмириниң соңғы демлерине дейин республикамыздың сондай-ақ сол ўақыттағы Өзбекстан ССР Илимлер академиясы Қарақалпақстан филиалындағы жәмийетлик жумысларға да белсенди түрде араласты, Өзбекстан ССР «Билим» жәмийети Қарақалпақстан шөлкеминиң ҳаял-қызлар арасында лекциялық үгитнәсийҳат жумысларын жүргизиў бойынша комиссиясын басқарды, ҚҚСР Жазыўшылар Аўқамының пленумларында баянатлар иследи ҳәм шығып сөйледи, халқымыз арасында қарақалпақ әдебиятының жетисскенликлерин кең түрде нәсийҳатлады.

Өзиниң барлық күшин, билимин қарақалпақ әдебияттаныў илиминың буннан былай да раўажланыўына сарплай отырып, гейпара, мәселелердиң шешилиўинде жоқарғы принципаллық[1] та көрсетти. Ондағы ең баслы белгилердиң бири бул талапшаңлық болып, адамларға деген дыққат, мийрим, қайырқомлық, адамгершилик пенен ушласатуғын еди.

Қарақалпақ халқының ҳаял-қызлары арасынан шық-

[1] принципиаль —көз-қарас, негиз (ред);

қан туңғыш илим докторының биз атап өткен әдебияттаныў илим тараўындағы көп қырлы хызметлери, бул тараўды изертлеўге, аталмыш тараўда ислеўши қәнигелерди таярлаўға қосқан салмақлы үлеслери жоқары баҳаланып оған «Қарақалпақстан АССР ына мийнети сиңген ғайраткери» ҳүрметли атағы берилди.

Сөзимиздиң жуўмағында айтарымыз: Алымның изинде қалған кәсиплеслери менен көп санлы шәкиртлери кәдирдан устазы тәрепинен басланған идиралды ислерди буннан былайда даўам етип, оның жүзеге асыра алмаған ойларын ҳақыйқый турмысқа енгизетуғынына, сөзсиз исенемиз.

## ХАЛҚЫМ АЙЛАНАДЫ СИЗДЕЙ УСТАЗДАН

**(очерк)**

...Оның мектепте жас әўладларға устазлық етиў дәўиринде сайлап алған ең баслы усылларының бири- оқыўшыларға дурыс қатнас жасаў, оларға өзинде бар ҳәртәреплеме билимди аянбастан, еринбестен түсиндириўден ибарат еди. Бул анығын айтқанда гейпара ис жақпас кәсиплеслерине онша унамайда қалып жүрди. Себеби адамыйзаттың бес бармағы теңдей емес ғой, ақыры. Бир ўақытлары ол көп жыллар даўамында мийнет етип атырған мектепте мынадай бир ўақыя жүз берди. Жоқары классларда математика және геометрия пәнлеринен сабақ беретуғын, А. деген муғаллим болды. Сабағында балалар тәртипсизлик етип, сирә тыныш отырмай, мазасын ала берипти; күнлердиң биринде оның бундай оқыўшылардан безгени сонша «классқа қайтып барыўға ҳеш дадым шыдамайды»—деп арыз етипти. Мектеп басшылары ойласып, кеңескеннен кейин шек бизиң қаҳарманымызға түсип, мектеп ҳәкимшилиги, «сол 8-классты сиз оқытпасаңыз, басқа илажымыз жоқ» деп турып алады. Ол да анаў-мынаў сылтаўға жүўыра бермей, мейли, өз бахтымды сынап көрейин деп, оқытыўға келисим береди.

Класстағы оқыўшыларды барластырып қараса, нағыз гүдибузар қыйлына айналғанлар да бар екен. Муғаллимниң сабағы бир жақ, олар бир жақ. Өзлеринше ойнап-күлип, не билгенин ислеўди даўам ете береди. Жаңа ғана таярланған устаз оларға бир қарап алды да, «Сизлер мынаў тәртипсизликти ҳәзирден бас-



лап тыясызлар. Алдыңызға қоятуғын шәртим: сабақ оқытыў менен, тыңлаў, билим алыў-сизлерден. Сизлер- өтилген теманы өз бетиңизше үйренип алғанға дейин қайта-қайта үйретиўге мен жалықпайман, ал усы шәртке бағынбайтуғын балалар табылса класстан шығып кетиўлеринеде ерки бар», —дейди...

Усы айтқанлары қамшы болды, азы-кем ўақыттан кейин ақ олардың оқыўларында сезилерлик өзгерислер жүз бере баслады. Мине соның нәтийжеси шығар, тап сол оқыўшылардың көпшилиги ҳәзир бирлеспе, трест басқарыўшылары. Министрлер кеңесинде жуўапкерли хызметте, инженер, шыпакер, муғаллим т. б. кәсиплерди және лаўазымларды кеўилдегидей атқармақта....

Ол өмиринше оқыўшылардың алған билиминиң ҳақыйқый болыўының тәрепдары. Мәселен, сол мектептиң басқа класының оқыўшыларынан геометрия сабағынан имтихан алғаны еле ядында. Онда 5 қыз бенен бир бала аталмыш пәннен өте алмай, гүзги сынға қалатуғыны сезилди. Класстың оқыўшыларына нәзер салып қараса, ҳешқайсысының кеўил хошлығы жоқ. Гүзги сынға қалған бир қыз шашының узын еки бурымын мойнына орап, ирети келсе, өзин қылқындырыўға таярланып отыр екен. Оған муғаллим: қызым, бундай жаман әдетти қой, оның орнына жаз бойы усы сабаққа таярланып, өзиңниң бахтыңды және бир мәртебе сынап көр, —дейди. Үйге келсе, жақын қоңсыларынан екинши гүзги сынға қалған қыздың анасы, яшы үлкенлердиң бириниң зайыбы қәтереге келип отырған екен, қалаберсе бул иске мектептиң директорына дейин араласыпты... Қалай деген менен де өз айтқанында турып, ҳешбиреўине де мойын бурмайды. Лийкин, гүзги сынақтың ўақтында қалдырылған балалардың басым көпшилиги өзлериниң мийнети, үзликсиз таярлығы нәтийжесинде сүринбестен аман-саў класстан-классқа атлайды.

Егерде айтылғанларды көз алдыма елеслетсем, оларға өз ўақтында қойған әдил талапларымыз бийкарға кетпеген екен-аў, деп ойлайман, —деди ол.

...1920-жыллардың басында Мойнақ районының Ақдәрья аўыл-кеңесинде дүньяға келген Қайып Турдым улы мектептиң баслаўыш класында алған билимин азлаў көрип, Шымбай шәҳериндеги педучилищениң 1-

басқыш таярлық курсын тамамлағаннан кейин атал-
мыш туўылып өскен мәканға келип, халық билимленди-
риў шақабына қарайтуғын ликбезлердин би-
рине муғаллимликке жоллама алады. Қысқа мүддетли
устазлық хызмет дәўиринде еле де оқып билим көте-
риўдиң жүдә зәрүр екенлигин сезип, жоқарыдағы пе-
дучилищеде өз оқыўын ағла талабалар қатарында да-
ўам етип атырған пайыт еди. Бир күнлери елимиз бой-
лап суўық хабардың ушқан қустың тезлигиндей тара-
ғанына денеси түршигип, не боларын билмеди. Жатып
та турып та ойланды. Өзи менен бирге оқып жүрген
досларын да тыңлап, кеңеседи. Ўатанымыздағы иске
жарамлы хәмме жас жигитлердиң Уллы Ўатандарлық
урыс фронтына шақырылып атырғанынан дәрҳал се-
зеди де. педучилищедеги 24 жигит биригип, өз арзала-
ры бойынша әскер қатарына кетиўге тилек билдиреди...

Урыста не бир адамның ақылы уғрас келмейтуғын
ерликтиң үлгилерин көрсеткен ол биринши шайқас
енди ақырына шамаласты аў дегенде қәпелимде аяқтан
жарақатланады да қалады, ал тағы да бир ғажжа-ғаж
шайқас ўақтында бастан жараланып, Москва, Иваново,
Киров, Кемерово, Томск қалаларындағы госпиталлар-
да бирнеше күнлер, айлар даўамында жатып емленип,
урысқа жарамсыз майып болғанлықтан туўылған ели-
не қайтарылады.

От ишинде пахтаны сақлап, урыстағы жаўынгерлик
ўазыйпаны бәржай етип, журтына аман қайтып келген
жаўынгер, енди устазлық жолын 1943-жылдың аяғын-
да Қоңырат районының 3-аўыл кеңесиндеги Жданов
атындағы толық емес орта мектепте директорлық лаўа-
зымында ислеўден баслайды..

Мине усы гезлерде оның қолында соңғы жылларда
белгили әдебиятшы алым болып жетискен, филология
илимлериниң докторы, Нөкис мәмлекетлик университе-
иниң профессоры Қабыл Мақсетов, философия илимле-
риниң кандидаты, Нөкис мәмлекетлик пединституты-
ның кафедра баслығы, доцент Меңлибек Бердимура-
тов, республикадағы қурылыс материаллары химиясы
тараўындағы зәбердес изертлеўшилердиң бири, химия
илимлериниң кандидаты, Тәбият илимлери комплексли
институтының қурылыс матераллары химиясы лабора-
ториясының баслығы Орынбай Әсаматдийинов т. б.



билим сырларының дәслепки ҳәриплерин жолдаслары-
на қарағанда да жүдә айрықша дыққат пенен үйренген
еди... Ах

Деген менен өз билимин буннан былай да толықты-
рып, тереңлестирип, жоқары дәрежели қәниге болып
жетисиў мәселеси жатса да, жүрсе де ҳешқандай ойы-
нан кетпей, мазасын ала берди. Усындай әдиўли әрма-
нын иске асырыў талабында жүрип, Уллы Ўатандар-
лық урыс жеңис пенен тамамланғаннан төрт жыл өткен
соң Қарақалпақ Мәмлекетлик пединститутының физи-
ка-математика факультетине иштен кирип оқып, оны та-
быслы питкереди де, Нөкис шәҳәриндеги Сталин атын-
дағы (ҳәзирги Киров) орта мектепке оқыў бөлиминиң
баслығы етип таярланады. Бул дәўирлерде мектепте
өзи оқытқан шәкиртлерине математикадан ҳәртәрепле-
ме терең билим берип, класстан тысқары ҳәрқыйлы
тәрбия ислериниң кеўилдегидей бежерилиўине ғамхор-
шылық етеди, методикалық кеңеслердиң жумыслары-
на белсенди қатнасады, өзи де муғаллимлердиң дәс-
түрий әнжуманларында бирнеше жыллар даўамында
математика пәнин оқытыў бойынша топланған тәжи-
рийбесин кәсиплеслери менен ортақласып, олардың
жақсы баҳаларына миясар болғанлығын көремиз...

...Уллы Ўатандарлық урыс және оннан кейинги
жыллардағы көрген көплеген қыйыншылықлардың
зардабы оны бирнеше жыллар даўамында ҳасла шар-
шамай, пидәкерлик пенен хызмет еткен жана-жан мек-
теби менен хошласыўға мәжбүрледи. Қанша жалбары-
нып, өтинип соранғаны да ҳеш нәтийже бермеди. Ем-
леўши шыпакерлер избе-изли түрде емлениўи керекли-
гин тағы да бир мәртебе ескертти. Мине усындай айра-
лық дәўиринде де мектептен үмитин үзбей, күнине бир
мезгил оған барып келмесе, кеўили жай таппады. Бул
жыллардағы ең жақын кеңесгөйлери, жәрдемшиси,
буннан дерлик он жылдай бурын дүньядан өткен сү-
йикли зайыбы Палбий жеңгей менен жақында ноябрь
айының 2-ярымында ғана бул дүньядан биймезгил кет-
кен қаналас иниси, Уллы Ўатандарлық урыс қатнасыў-
шысы болған ҳақыйқый инсан Юсип аға еди. Енди
мине зайыбына шаңарақ машқаласының аўыр жүгин
бир өзи көтериўине де туўра келип тур, ал жолдасы
болса айлап, жыллап емлеўханаларда, санoторийларда
изин үзбестен емленип, тосаттан жүз берген аўырыўды,

өннан биротала қутылыўдың жолын излестиреди.
Усы қатарлардың авторы Қайып ағаны 35 жылдан
аслам ўақыттан берли билетуғынлығын да келтирип
өтиўди өз ўазыйпасы деп санайды. Узақ жыллар бойы-
на таныслық-билислик нәтийжесинде аңлағанымыз-
оның үлкен адамгершилиги, ҳақыйқыйлығы, досларға
деген меҳир-муҳаббаты, миймандослығы, ҳадаллығы.
Әлбетте, буның бир жағында Палбийи жеңгей болмаған-
да, биз атап өткен жағдайлар иске аспаўы да мүмкин
ғой. Себеби, Қайып ағаның сол 60-жыллардағы жүрис-
турысы үзиликсиз командировкаға барып-келип жүр-
ген адамға мегзес еди. Бир қанша пайытларда Кавказ
жақлардағы санаторийларға емлениўге кетип хат жаз-
ғаны болмаса тап бир жылға дейин де үйинен сирә ха-
бар алмас. Бирақ ол үйде бар ма, жоқ па, оны билди-
рип отырған зайыбы жоқ: бәри тап-туйнақтай-балалар-
ға, шаңараққа қараў, қонақ күтиў, ағайинлердиң, дос-
лардың, мерекелери-ҳәммеси соның мойнында. Мениң
ол гезлерде ҳайран қалатуғын жерим — Бийпатпаның
зүрияды жеңгей машқаланың усыншама аўырманшы-
лығын көргени менен ҳасла бир маңлайын жыйырып,
өзиниң үй-жумысы ҳәм күнделикли хызмет орнында-
ғы ўазыйпасын бежериўден шаршағанын яки тарық-
қанын, ара-тура қапа екенлигин де билдирмейтуғын
ҳасыл жан еди деп айтсақ-асыра силтеген болмаспыз.
Бизиңше, узақ жыллар денсаўлықты дүзеп, халық
қатарына қайтадан қосылып, хызметке араласыўына
әдиўли қәдирдан шыпакерлердиң үзиликсиз емлеўи,
қала берди әдиўли қостарының адамгершилик пазый-
летлери алтыннан да қымбат болып, өзиниң бийбаҳа
жәрдемин тийгизди-аў деп ойлаймыз...
Қанша күш салып емленип, хызметке араласыўға
мүмкиншилик туўса да, шыпакерлер оған билимленди-
риў тараўына, өзиниң сүйикли кәсибине рухсат етпе-
ди. Оның ендиги жаңа жумыс орны-ўәлаятлық кәсип-
шилер аўқамында еди. Ол бул жердеги турақ-жай тур-
мыс мәселелери бойынша бөлимге меңгериўши ўазый-
пасына таярланып соңын ала Нөкис қалалық кеңесине
депутатлыққа сайланады: халыққа турмыс хызметин
көрсетиў министрлигиниң коллегия ағзасы, шәҳәр ат-
қарыў комитети жанындағы коммунал жайларды бө-
листириў бойынша арнаўлы комиссия баслығының
орынбасары сыпатында көплеген шәҳәрликлердиң ту-



рақ-жай менен тәмийинлениўине белгили дәрежедеги үлесин қосып, кәсипшилик аўқамы ағзаларының мәпин, олардың күн-көрис, турмыс дәрежесин нызамдағы талаплар тийкарында жүзеге асырыў мәселесинде принципиал, халық мәпи ушын ҳәрқандай иске де таяр екенлигин тағы бир мәртебе дәлиллейди...

Қарақалпақстан республикасында 60-жыллардан кейин дүньяға келген телевизиялық көрсетиўлер менен қатар, ҳәр бир үйдеги телевизор, радиоқабыллағыш, магнитофон т. б. набада бузылған жағдайда оңлап, оларға зәрүрли бөлеклерди жеткерип берип, бир жерден басшылық ететуғын «Жасыл экран» телеательеси буннан 25 жыл бурын шөлкемлестирилген ўақытта оның биринши директоры лаўазымына Қайып Турдым улы сайланғанлығын да айтыў дәркар.

Аталмыш ўазыйпаны атқарыў дәўиринде жаңа директор барлық билимин, уқыплылығын жумсап, сол салада ислеўшилердиң халыққа ҳадал хызмет етиўине, олардың адамлардың мүтәжликлерин ўақтында бежерип, алғысын алыў, ҳәрбир районда усы ательениң филиалын шөлкемлестириў мәселелерин шынтлап қолға алды...

Буннан кейинги ўақытларда ол билимлендириў тараўына қайтадан айланып келиў мүмкиншилигине ийе болады да, республикалық халық билимлендириўи хызметкерлери үйиниң директоры, қаладағы иштен ҳәм сырттан оқыў орта мектебинде инспектор-методист лаўазымында ислеп, 1990-жылы ҳүрметли пенсияға шығып, орнын жасларға бергенге дейин шәҳәрдеги өзи баўыр басқан Киров атындағы орта мектепте муғаллимшилик кәсибине айналысып, жас әўладларға математика илиминиң машақатлы және қызық сырларын үйретти.

Ол көп жыллардан берли ҳәр түрли салаларда ислеп жүргенде ең зәрүрли мәселелерди қалай еткенде дурыс шешиў мүмкиншилиги менен де қызықсынып, буған байланыслы пикирлерин республикалық баспа сөз бетлеринде үзиликсиз жәриялап киятыр.

Ҳәўескер қәлемкеш тәрепинен жазылған бундай мақалалардың жәми 30 ға шамаласып, олар халыққа турмыс, коммунал хызметин көрсетиў, билимлендириў шақабындағы ойландыратуғын жағдайлар, жаўынгерлик жолларды және оған бирге қатнасқан досларды

еске түсириў, ҳәзирги күнлердеги әҳмийетли темалар-
дың бири-экологиялық апатшылық, оның алдын алыў,
Арал теңизиниң өтмиши ҳәм келешеги т. б. сыяқлы
көплеген темаларға арналған. Оның толғанып жазған
бунда мазмунлы, тәсирли мақалаларын оқып, тағы бир
мәртебе алғыс намалар айтқың келеди.

Қайып Турдым улының халқымызға 51 жыл исле-
ген ҳадал мийнети Ўатанымыз тәрепинен әдил баҳала-
нып, 1-дәрежели Ўатандарлық урыс ордени, ҳүкимет-
лик медальлар, жарлықлар менен белгиленген: Қоңы-
рат ҳәм Нөкис қалалық халық билимлендириў
шақаплары басшыларынан хошеметлеўлер алған.

1989-жылдың 22-августында «Совет Қарақалпақ-
станы»газетасында« Ол жыллардың даңқы өшпейди»
деген айдар қойылып, белгили журналист Рустем Дәў-
летмуратовтың «Жаўынгердиң монологи», Республика-
лық урыс ҳәм мийнет ветеранлары кеңеси, тарийхый
және мәдений естеликлерди қорғаў жәмийетиниң бас-
ламасында «Әскерий-патриотлық китапхана» серия-
сынан шығарылған «Саўашта ҳәм мийнетте» атама-
сындағы топламда және де сол автордың «Жалынлы
жылларда» атамаларындағы очерклери Уллы Ўатан-
дарлық урыстың белсенди қатнасыўшысы, II группа
урыс майыбы, кешеги жаўынгер, бүгинги ҳүрметли
устаз Қайып Турдым улының саўаш майданлары, сон-
дай-ақ парахатшылық дәўирлердеги көрсеткен әжайып
ерликлери, умытылмас хызметлери көркем, шебер тил
арқалы сүўретленип, оқыўшылардың жүрегинде өшпес
из қалдырды.

Арадан ярым әсир өтсе де ол аласапыран саўаш
майданларында туўысқанласқан жаўынгер дослары,
сол ўақытта өзи менен қоса есаплағанда Қарақалпақ-
станлы 5 жигитти—қараөзекли Нуратдийин Әбдимәм-
бет улы, Өтен Омар улы, шымбайлы Әлимбай Өмет
улы, халқабадлы Жуманияз Тилеўмурат улының исм-
лерин елеге дейин аса ҳүрмет пенен тилге алады. Атал-
ған төртеўи де Ржев қаласы жанындағы теңи-тайы
жоқ айқасларда бул пәний дүнья менен мәртлер-
ше хошласқан еди...

Быйылғы жыл Қайып Турдым улының шаңарағы
туўған-туўысқанлары, дослары, шәкиртлерине үлкен
қуўаныш алып келди. Ҳүрметли жаўынгер, әжайып ус-
таз, баўырман аға ҳәм ата өзиниң дослары, келинлери,



балалары, ақлық-шаўлықлары, туўысқанлары, кәсип-
леслери, шәкиртлери болып 70 жаеқа шыққан мүшели
тойын белгиледи.

Биз оған—шыққан бийик шыңыңыз қутлы-мүбәрек
болсын, шаңарағыңыздың, аўыл-аймағымыз, Ўатаны-
мыздың ийгилиги, бахытлы келешеги ушын ислеген
мийнетиңиздиң жемисин татып, узақ жыллар жасай
бериң, ҳақыйқый инсан, кешеги ер жүрек жаўынгер,
бүгинги баўырман устаз Қайып аға! —демекшимиз.

## КӘСИБИНЕН КАМАЛ ТАПҚАН УСТАЗ

Буннан алпыс жыл бурын Республикамыздың Шым-
бай районы Кеңес совхозында әпиўайы дийхан семья-
сында бир бала дүньяға келди. Ол ҳәзирги педагогика
илимлериниң кандидаты, доцент Нөкис Мәмлекетлик
педагогикалық институтының кафедра баслығы, үлкен
алым, улама устаз Қутмамбет Қосназаров еди.

Ол мектепте оқып жүрген жыллар-ақ өзиниң оқыў-
ға деген айрықша интасы менен тәртиплилиги менен
басқа балалардан айрылып туратуғын еди. Әсиресе
өзинен киши жастағы мектеп оқыўшыларына ғамхор-
лық етип, олардың оқыўына, жазыўына мудамы жәр-
демлести. Сонлықтан оны киши мектеп . жасындағы
балалар «Бизиң Қут муғаллим» деп атады.

Муғаллимлери болса, оған «Сеннен жақсы муғал-
лим шығады, басқа оқыўды қой, тек муғаллимшилик-
ти оқы. Сеннен үмитимиз көп» дейтуғын еди.

Муғаллимлериниң усы сөзлери себеп болды ма
ямаса өзиниң тилеги усылай ма, ғәрез Шымбайдағы
педучилищеге оқыўға түсип, оны жақсы баҳалар менен
1948-жылы питкерип өзиниң туўған аўылына муғаллим
болып келди. Жас устаздың ҳәр сабағы бир-биринен
мазмунлы, бир-биринен тартымлы ҳәм қызықлы болып
өтти. Оқыўшылары оның сабағынан ҳеш қашан қалмай-
туғын еди. Ҳәттеки айырым ата-аналар гейде баласы
я қызын бир жумыслары шығып, сабақтан қалдырғы-
сы келсе де, оған баласы я қызы қарсылық көрсетип,
сабаққа жибермесе жылап жиберетуғын да еди. Себе-
би ол ҳеш бир оқыўшыға даўысын көтерип урыспады
ямаса жаман сөзлер айтып уялтпады да. Сонлықтан
оқыўшылары өзиниң Қут муғаллимин жанындай жақ-

сы көрди. Хеш ўақыт оны ренжиткиси келмеди ҳәм ренжитпеди де.

Бираз жыл баслаўыш класстың муғаллими болып тәжирийбе арттырған Қутмамбет билимин тағы да көтериў мақсетинде 1959-жылы Ташкенттеги Низамий атындағы педагогикалық институттың педагогика факультетине оқыўға түсти, үлкен алымлардан тәлим-тәрбия алды. Илимниң алтын ғәзийнесинен өзине керегин алып, жоқары мағлыўматқа ийе болып шықты. Институтты ағла питкергенлердиң бири сыпатында жолламаменен Қарақалпақ Мәмлекетлик педагогикалық институттың педагогика ҳәм психология кафедрасына муғаллим болып орналасты.

Студентлерге билим ҳәм тәлим-тәрбия бериў ислери күтә қурамалы екенлигин, ол ушын көп оқыў, көп изүйрениў кереклигин жақсы түсинген жас устаз көп изленди, оның ең жақын жан жолдасы китаплар болды. Китаплар арқалы ол үлкен алымлар пенен пикирлести, сөйлести. Олардың ең жақсы ойларын күнделикли лекцияларында, әмелий жумысларында кеңнен пайдаланды. Усының нәтийжесинде жас болыўына қарамастан студентлердиң ең жақсы көретуғын сүйикли устазларының бирине айналды.

Институт ректораты талантлы жастың илимий-педагогикалық билимин және де жоқары көтерип қайтыў ушын оны 1961-жылы аспирантураға жиберди. Ол унда да өзиниң илимге деген қуштарлығын, излениўшеңлигин көрсетти. Нәтийжеде «Баслаўыш класс оқыўшыларын ҳадаллық ҳәм ҳақыйқатлық руўхында тәрбиялаў» деген темадағы кандидатлық диссертациясын тамамлап, оны 1966-жылы табыслы жақлап шықты ҳәм тез күн ишинде илим кандидаты деген дипломды алыўға миясар болды. 1970-жылы оған доцент илимий атағы берилди.

Қутмамбет Қосназаров 1917-жылға шекем қарақалпақ Мәмлекетлик пединститутының педагогика факультетинде декан болып, факультет жасларының билим алыўына ҳәр тәреплеме жағдай жасап отырды. Ҳәр қыйлы жәмийетлик ислерди шөлкемлестириўге басшылық етти. Әсиресе оның жаслар арасында ҳәр түрли пикир алысыўлар, кешелер, ушырасыўлар өткериўдеги жеделли ҳәрекетлери, ис билерменлиги, тапқырлығы кимди болса да өзине тартпай қоймады. Мәселен, ол



«Сыйласықтың сыры неде»?, «Дослық муҳаббатты қалай түсинемиз»?, «Адамның бахыты неде?» «Кимди жақсы муғаллим деймиз» деген темалардағы пикир алысыўларды шебер уйымластырғанлығы соншелли сол дәўирдеги студент болған, ҳәзирги үлкен жастағы устазлар елеге шекем сол кешелердеги, пикир алысыўларды тартысларды, қызықлы ўақыяларды жыллы сезим менен еске алады ҳәм оған деген өзлериниң миннетдаршылығын билдирип отырады.

Педагогикалық институт тийкарында университет ашылғанда, ол дәслепки жыллары педагогика ҳәм психология кафедрасының баслығы, соң сол кафедраның доценти болып хызмет атқарды. Усы 1970-80-жыллары ол көплеген илимий мақалалар, методикалық қолланбалар жазды ҳәм баспадан шығарды.

1990-жылдың сентябринде қайтадан Нөкис Мәмлекетлик педагогикалық институты ашылды. Көп узамай Қутмамбет Қосназаров усы институттың баслаўыш тәлим факультетиниң деканы болып тастыйықланды.

Әлбетте, жаңа факультетти шөлкемлестириў, материаллық базасын беккемлеў, илимий ҳәм методикалық әдебиятлар менен тәмийинлеў, толықтырыў аңсат ис емес. Бул жерде де ол өзиниң искерлиги менен, тапқырлығы менен жәмийетшиликтиң кеўлинен шықты. Ҳәзир ол баслаўыш тәлим педагогикасы ҳәм психологиясы кафедрасын басқарады.

Қутмамбет Қосназаров 40 жылдан аслам ўақыт ишинде республика мектеплерине мыңлаған шәкирт таярлады. Олардың устазына деген миннетдарлық сезимлери шексиз. Оны шәкиртлери «устазлардың устазы, ҳәммемиздиң де устазымыз» деп жоқары ҳүрметлейди. Себеби ол устаз болғанда да, излениўшең, жаңалыққа жаны қумар устаз. Өзиниң ҳәр бир лекциясын мудамы соңғы илим жаңалықларына тийкарланып дүзеди, сонлықтан да оның ҳәр бир оқыған лекциясы, өткерген семинар, лабораториялық әмелий сабақлары өзиниң терең мазмуны менен, жоқары идеялық-теориялық тереңлиги менен мудамы басқалардан айрылып, айрықша көзге тасланып турады.

Ол соның менен бирге изленимпаз алым. Оның қәлеминен көплеген илимий мақалалар, илимий мийнетлер, илимий-методикалық қолланбалар дөрелди. Әсиресе, ол халық педагогикасы семьяда бала тәрбия-

сы, жаслар тәрбиясы ҳаққында көп жыйлардан берли илимий изертлеў жумысларын жүргизип киятыр.

Педагогикалық практиканы шөлкемлестириў мәселелерине арналған қолланбаны, педагогикалық терминлердиң түсиндирме сөзлигин жазып болып, оны баспаға таярлаў жумысларын питкериў алдында тур.

Қутмамбет Қосназаров Кенжебай Убайдуллаев атындағы республикалық муғаллимлердиң билимин жетилистириў институтының жеделли лекторларының бири. Республикамыздың ҳәмме районларынан келген муғаллимлери оның мазмунлы ҳәм тартымлы лекцияларын тыңлап өзлериниң билим дәрежесин көтерип, оған деген шын жүректен шыққан алғысларын айтып, миннетдаршылық билдирип, үйлерине қайтады,. Әлбетте, устаз ушын буннан артық абырой, буннан артық ҳүрмет болмаса керек.

Оның ҳадал мийнети, үзликсиз хызмети елеўсиз қалмады. Ол бирнеше мәртебе ӨзР билимлендириў ўәзирлигиниң Мақтаў жарлықларын алды, оған Нөкис Мәмлекетлик педагогикалық институтының ректораты алғыслар жәриялады. Еки рет жарыс жеңимпазы белгилерин, Мийнет ветераны медалын өңирине тақты.

Қутмамбет Қосназаров еле де болса бергенинен берери көп искер, талапшаң, кишипейил устазлардың бири. Сонлықтан оған «устазлық сыяқлы уллы хызметиңизди көп жыллар даўамында мүлтиксиз атқарып, ел ҳүрметине, халық сүйиспеншилигине бөлене бериңиз, халқы сүйген улама устаз» демекшимиз.

## КӨРНЕКЛИ УСТАЗ

Қарақалпақ интеллигенциясының ең дәслепки талантлы ўәкиллериниң бири, көрнекли устаз, билимлендириў исиниң белгили ветераны, Қарақалпақстанға мийнети сиңген илим ғайраткери, Бердақ атындағы Нөкис Мәмлекетлик университетиниң доценти Әбиш Панабергенов елимизге елеўли, халқымызға қәлеўли устазлардың бири. Ол 1917-жылы әпиўайы дийхан семьясында дүньяға келди. Ол 7 жасында Сәрсенғалий ахунның басшылығындағы диний мектепке оқыўға кирди. Сәрсенғалий ахун Бухарадағы медреседен тәлим-билим алған, өз дәўириниң ең атақлы, саўатлы



адамларының бири еди. Оннан Әбиш басқа балалар қатарлы хат-саўат үйренди, әдеплилик сырларын өзлестирди. Сәрсенғалий ахунның әдеп-икрамлылығы, тек балаларға ғана емес, улыўма адамларға деген сыйласығы, адамгершилиги, үлгили минез-қулқы жас болса да Әбиштиң ядында өшпес из қалдырып есинде мәңги сақланып қалды ҳәм ондағы ең жақсы әдетлердиң қәлиплесиўинде айрықша орын алды.

Ол 1932-жылы Хожели қаласындағы алты айлық муғаллимлик курсты питкерип, Кегейли мектеплериниң бирине муғаллим болып орналасты. Мектепке жаңа келген балаларға билим бериў, оқыў-жазыўға үйретиў жумысларын табыслы жүргизди. Сырлы ҳәриплер сырын балаларға жеткизиў, олардың санасына билим тийкарларын қәлиплестириў жас устазға дәслеп аңсатлыққа түспеди. Себеби тийисли сабақлықлар жетиспейтуғын еди, дәптерлер күтә аз ҳәм қәлем, ручка, сыя табыў да аңсатлыққа түспейтуғын еди. Оқытатуғын балалары да биргелки емес, биреўлери оқыў жасындағы балалар болса, гейпаралары күтә үлкейип, оқыў жасынан әдеўир өтип кеткенлер еди. Сонлықтан да олардың жас өзгешеликлерин есапқа алыў, билим бериў ислерин ретлестириў жас устазға дәслепки гезлери күтә қыйын болды. Бирақ қаншелли қыйын болса да шыдады, төзимлилик көрсетти, изленди, басқа жасы үлкен муғаллимлердиң ақыл-кеңеслерин тыңлап, олардың ис-тәжирийбелеринен үлги алды, үйренди, өз қәте-кемшиликлерин жөнледи, тынымсыз мийнетиниң арқасында жақсы нәтийжелерге еристи.

Жумыс барымында жас устаз өз билиминиң еледе болса жеткиликсиз екенлигин, оны толықтырыўдың зәрүрлигин сезе баслады. Сонлықтан ол 1934-жылы Орта Азия пахташылық институтының жумысшы факультетине оқыўға түсип, оны 1936-жылы табыслы питкерип шықты ҳәм сол жылы Төрткүлдеги муғаллимлер институтына кирип оқыды. Институтта оқып жүрип-ақ Әбиш Панабергенов Төрткүл қаласындағы жеделли жасларды оқытатуғын курсларда сабақ берди.

Бул дәўирде республикамыздың алыстағы районларында муғаллим қәнигелер жетиспейтуғын еди. Сонлықтан да Әбиш Панабергенович институтты питкергеннен кейин өз жүрегиниң жолламасы менен Мойнақ районына келип, Куйбышев мектебине муғаллим бол-

ды. Аз ғана ўақыттың ишинде өзиниң мийнет сүйгишлиги менен, искерлиги менен көзге түскен жас муғаллим усы мектептиң директоры дәрежесине көтерилди. Панабергенович өзиниң кишипейиллиги ҳәм шөлкемлестириўшилик шеберлиги менен, кишиге ини, жасы үлкенге аға деген сыйласығы арқасында мектептиң педагогикалық жәмәәтин өз дөгерегине беккем жәмлестирип, оқыў-тәрбия ислерин жақсылаўда үлкен табысларды қолға киргизди. Усының нәтийжесинде ол басқарған мектеп райондағы ең алға мектеплердиң бири ретинде тилге алынды.

Әбиш Панабергенович көп узамай районлық билимлендириў бөлиминиң баслығы болды.

Бул жас устазға билдирилген үлкен исеним еди. Ол бул жумысты да кеўилдегидей атқарды ҳәм Мойнақ районы билимлендириў ислери бойынша республика көлеминде алдағы орынлардың бирин ийеледи.

Әбиш аға көп жумысларды ислеп жүрсе де, өз билимин көтериў ислерине ўақыт таба билди. Ташкенттеги Низамий атындағы педагогикалық институтының сырттан оқыў бөлимин 1941-жылы табыслы тамамлады.

Жас устаздың алдына қойған мақсетлери, әрманлары бар еди. Бирақ фашистлердиң Уллы Ўатанымызға урыларша бастырып кириўи оның бул жойбарларын ўақытша иркиўине туўра келди. Ол қолына қурал алып сүйикли ўатанын, әдиўли халқын жаўыз душпанлардан қорғаў ушын фронтқа алынды.

Әбиш Панабергенович ғажжа-ғаж саўаштың ортасында жүрип, фашистлерге аянбай соққы берди, әжайып мәртликтиң үлгилерин көрсетти. Оның мәртлигин, қаҳарманлық ислериниң нәтийжелерин оның өңириндеги көзди өзине тартатуғын гвардия белгиси, Уллы Ўатандарлық урыс орденининң биринши дәрежеси, мәртлиги ушын ҳәм тағы басқа толып атырған медальлары белгилери көзге айқын көрсетип, оның да Уллы жеңис күнин жақынлатыўға басқа да урыс ветеранларындай өз үлесин қосқанлығын дәлиллейди.

Әбиш аға елге қайтқаннан кейин урыс үзилиске түсирген сүйикли кәсиби муғаллимшиликти даўам етти. Ол оқыўшыларға тарийх пәниниң қызықлы да, сырлы да әжайып ўақыяларын сөйлеп берди. Әсиресе өзи араласқан көзи менен көрген ўақыяларды сөйлеп



бергенде, оқыўшылары силтидей тынып тыңлайтуғын еди. Оның сабағына оқыўшылар күтә қызығып қатнасатуғын еди. Ол оқыўшылардың ең сүйикли муғаллимлериниң бирине айналады.

Әбиш Панабергенович басшы жумысларды да атқарды. Дәслеп лектор, соңынан Областлық комитеттиң лекторлар топарының баслығы, Шымбай, райкомының үгит-нәсиҳатлаў бөлиминиң баслығы болды.

Әбиш Панабергенович 1945-жылы жоқары партия мектебиниң пропагандистлер таярлайтуғын бир жыллық курсына түсип, оны 1946-жылы питкерди. Усы жылы жоқары партия мектебиниң сырттан оқыў бөлимине түсип, оны 1948-жылы табыслы тамамлады. Усы жылдан баслап Әбиш Панабергенович Қарақалпақ Мәмлекетлик педагогикалық институтта марксизм-ленинизм кафедрасында аға оқытыўшы болды. Усы кәрада оның ҳақыйқый таланты ҳәр тәреплеме ашылды. Ол педагоглик хызмети менен қатар, илимий-изертлеў жумысларын бирге алып барды. Әсиресе оны республикамыздың мәдений раўажланыўының тарийхы қатты қызықтырды ҳәм көп жыл даўамында излениўи, мийнет ислеўи арқасында усы темада 1958-жылы кандидатлық диссертация жақлап, тарийх илимлериниң кандидаты деген атаққа миясар болды. Ал 1959-жылы доцент атағын алды.

Әбиш Панабергенович көп жыллар даўамында КПСС тарийхы кафедрасын басқарды. Ол жас муғаллимлерге қолынан келген жәрдемин аямады. Оларға ақыл-кеңеслер берип отырды.

Оның жүзден аслам илимий мақалалары ҳәрқыйлы топламларда, газета-журнал бетлеринде басылды. Бир айта кететуғын нәрсе, ол қаншелли көп жазса да, бир ғана теманы яғный Қарақалпақстандағы мәдений революцияның пайда болыўы, қәлиплесиўи, раўажланыўы ҳаққында сөз етти. Бул—Әбиш Панабергеновичтиң өмирлик сүйип таңлаған темасы. Ол темадан өмири ҳеш аўып көрген емес.

Әбиш Панабергенович өз республикасының ең алдағы қатарлы республикаларға ерискенлигине, мәденияты, илими раўажланған гүлленген үлкеге айланғанлығына қуўанады ҳәм оған өзиниң аз да болса үлес қосқанлығын мақтаныш етеди.

Әбиш Панабергеновичтиң мийнетлери күтә жоқары

баҳаланды. Оған 1975-жылы «Қарақалпақстанға мийнети сиңген илим ғайраткери» деген ҳүрметли атақ берилди. Ол бир неше рет Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Жоқарғы Советн президиумларының Ҳүрмет жарлықлары менен сыйлықланды

Қарақалпақстанға мийнети сиңген илим ғайраткери, доцент Әбиш аға Панабергенов бул күнлери 75 бәҳәрдиң дузын татып, 76 ға қарай қәдем урып баратырса да, еле жас жигиттей ғайратлы, шаққан. Сонлықтан оған узақ өмир, денсаўлық тилеймиз. Бизлердиң алдымызда ағалық ақылын айтып, жүре бергей деп тилек билдиремиз.

## ЭКОНОМИКА ИЛИМЛЕРИНИҢ ТУҢҒЫШ ДОКТОРЫ

1935-жылы дийхан семьясында туўылған Ҳайдар Бабажан улы ата-анасының жалғыз баласы еди. Өмирлик жолдасы Бабажан аға дүньядан ертерек көз жумғаннан кейинги барлық үмити де, өмирдеги сүйениши, тиреги де, алданышы да усы жалғыз улы болып қалған Дәўлетбийке апа баласын халық қатарына қосыў, адам етип аяғына турғызыў ушын барлық уқыбын, күшғайратын, жигерин жумсады. Әзиз ананың әрманы да, тилеги де баласын уллы адамлардың қатарында көриў болды. Сонлықтан да «оқыған озар, оқымаған тозар», «билеги күшли бирди жығады, билими күшли мыңды жығады» деген нақылларды тәкирар-тәкирар айтыўды сүйетуғын еди. Меҳрибан ананың қудайдан тилегениндей-ақ Ҳайдар жасынан тынық, ақыллы, ойлы, зийрек болып өсти. Ана өз мийнеткешлигиниң арқасында баласына оқыўы ушын мүмкиншилиги болғанынша шараят жаратып беретуғын еди. Баласы 1953-жылы Хожели педагогикалық училищесин питкергеннен кейин Нөкистеги институтқа оқыўға барғысы келетуғынлығын айтқанда, ол қуўана-қуўана қоллап-қуўатлады. Өзи де баласынан қалмай, бирге Нөкиске көшип келди.

Жетер-жетпесинлик, жетим-жесирлик, оларды қатты қыйнап жиберетуғын еди. Солай, да болса ана-бала бири-бирине қолынан келгенше жәрдем берип, бар кийимди жамап-жасқап кийип, аз гөрежетти еплеп уқрын жумсап күнелтти. Налымады, бар күш-ғайратларын жумсап, жарқын келешектен үмит етип жасады.



Ҳайдар Бабажан улы минез-қулқы менен де, сабақлардан айрықша оқыўы менен де Қарақалпақ Мәмлекетлик педагогикалық институтының үлгили студенти болды.

Усы институттың тарийх факультетин табыслы тамамлағаннан кейин оны талантлы жас қәниге сыпатында институтқа жумыс ислеўге қалдырды. Мине, оның устазлық мийнет жолы соннан басланды.

Ол институтта оқыў ушын келген жасларды оқытыў менен бирге, өз үстинде ислеўин, билимин көтериўин даўам етти. 1960-63-жыллары Ташкент Мәмлекетлик университетинде аспирантурада оқыды. Өзиниң тынымсыз излениш мийнет етиўиниң арқасында сол жыллары экономика илимлериниң кандидаты илимий атағын алыўға еристи.

Сол дәўирден баслап Қарақалпақ Мәмлекетлик педагогикалық институтының сиясий экономика кафедрасында оқытыўшы, доцент болып иследи. Усы институт базасында Қарақалпақ Мәмлекетлик университети болып қайта дүзилгеннен соң да сол аталмыш кафедрада оқытыўшы, доцент болып иследи.

Ол қандай жоқары дәрежелерге ериссе де мудамы бурынғысынша кишипейил, әпиайым болып қала берди. Жас ўақтындағы қыйыншылық көрген дәўирлерин умытпады. Алыс аўыллардан келген қаншама студентлер оның әпиўайы ҳәм ҳадал дәстурханында мийман болды. Баспана табалмай қыйналған студентлерге өз үйинен орын берип, туўысқанындай баўырманшылық, иззет-ҳүрмет көрсетти. Анасы Дәўлетбийке де, келиншеги Патима да келгенге қабақ шытпайтуғын, ашық жарқын, қонақшыл, кишипейил адамлар болғанлықтан, кимде болса ол үйде өз үйиндей арқайын жасады. Кейин де олардың көпшилиги кемпирди өз кемпир апасындай, Ҳайдар ағаны өз әжағасындай, Патиманы болса өз жеңгесиндей көрип баўыр басып кетти.

Ол өзиниң жасларға билим бериў, оларды тәрбиялаў, ғамхорлық етиўдей қыйын-да, машақатлы жумысының арасында илимий изертлеўлерин де даўам етип барды. Өзиниң көп жыллық илимий изертлеўлериниң жуўмағы бойынша 1982-жылы докторлық диссертация жақлады. Мине усы жылы қарақалпақ халқында өзиниң туңғыш экономика илимлериниң докторына ийе болды. Ҳайдар аға Қарақалпақстанда экономика

илиминиң раўажланыўына оғада үлкен үлес қосты. Оның өткир, жүйрик қәлемине оннан аслам монографиялық мийнетлери ҳәм жүзден аслам илимий мақалалары тийисли.

Мине алдымызда Ҳайдар Бабажан улына профессор илимий атағы берилгендеги жыйналыс жуўмағы: бул справкада илимий кеңестиң 29 ағзасы қатнасқанлығы, Ҳ. Бабажановқа профессор илимий атағын бериў даўысқа қойылғанда 29 адамның бәри де бир аўыздан мақуллап даўыс бергени, бир де қарсы жоқлығы айтылған. Соның менен бирге оғада көп илимий-методикалық жумысларды ислегени, олардың көпшилиги докторлық диссертациясын жақлағаннан соң ислеп шыққанлығы айтылған. Тағы да бул ҳүжжетте оның искерлиги, өз исине үлкен жуўапкершилик пенен қарайтуғынлығы, оның ҳәрбир лекциясы жоқары илимий ҳәм методикалық дәрежеде өтетуғынлығы, көп ғана түсинилиўи аўыр шығармаларды (мәселен «Капитал» усаған) студентлердиң жеңил ҳәм анық етип түсиниўи ушын конспектилеп қайта ислеп шыққаны жазылыпты. Оның тәрепинен көп санлы схемалар, диаграммалар, таблица-кестелер, техникалық үскенелер ушын көрсетпели қураллары ислеп шығылғанлығы, бул жумыслардың оғада әҳмийетлилиги атап өтилген.

Мине, оған жумыс орнынан берилген минезлемеси: «Өзиниң оқыған дәўиринде ҳәм жумыс ислеп жүрген дәўиринде өз пәнин оғада терең билиўши, жоқары дәрежедеги тәжирийбели маман қәниге екенлигин көрсетти. Ол өзиниң барлық сабақларын жоқары илимий-методикалық дәрежеде өткеретуғын еди. Оғада саўатлы, аўыр минезли, кишипейил, моральлық жағынан турақлы» деген қатарларды оқып отырып ҳайран қаласаң. Адамгершиликтиң жоқары дәрежедеги үлгиси болған бундай қәсийетлердиң бәрин өзиниң бир бойына жәмлестире алыў екиниң бириниң қолынан келе бермейди!

Ҳайдар Бабажан улының Қарақалпақстанда жоқары мағлыўматлы қәнигелер таярлаўға салмақлы үлес қосқанлығы жоқары да атап өтилген қатарлардан белгили. Оның шәкиртлери халық хожалығының барлық тараўында мийнет етпекте.

Ол 1982-жылдан баслап Қарақалпақ Мәмлекетлик



университетиниң кафедра баслығы, 1985-жылдан баслап оқыў ислери бойынша ҳәм илимий ислер бойынша проректоры, 1988-90-оқыў жылында Экономика факультетиниң деканы, ал 1990-жылдан өмириниң ақырына шекем экономикалық теория кафедрасының меңгериўшиси хызметлерин атқарды. Ол қайсы жумысты қолына алса да өзиниң терең билими ҳәм уқыплылығының арқасында сол жумысты гүллентип, өзиниң қолынан келгенинше ҳәр тәреплеме раўажландырыўға күш салатуғын еди.

Ол сондай-ақ искер болыўы менен бирге, ҳүрметли ҳәм сүйикли әке, меҳрибан мәсләҳәтши еди. Барлық саналы өмирин өз ўазыйпасын ҳадал атқарып, ҳақ кеўилли мийнет етиў менен бирге, Патима жеңгей менен бирге татыў жасады. Бири-бирине меҳрибан, сүйениш бола билди. Бул қатықтай уйыған аўызбиршиликли үйде 6 бала; үш ул, үш қыз тәрбияланды. Ҳаялы Патима Қасымова да устаз: ВЛКСМның 30 жыллығы атындағы орта мектепте көп жыллардан бери муғаллим болып ислеп киятыр: «Сол кисиниң ҳәм қәйин-енемниң меҳрибанлылығы, кең жүреги, сүйемеллеўи менен мен де бүгинлиги тәжирийбели муғаллимлердиң қатарындаман. Гейбир ўақытлары тәртиби жаман, сабаққа үлгериўи төмен балалар ушын күйип-писип қалатуғын пайытларым болған. Сондайда «Ҳаў шабазым, ана болыў, устаз болыў аңсат емес, қызығы да машақаты да мол, ҳүрметли ўазыйпа. Ҳәрқандай қыйыншылықтан қашпай, еринбей-жалықпай, қорықпай мийнет етсең ғана мәрре сеники» деп ақыллы сөзлери менен мени демеп жиберетуғын еди», —дейди ол үлкен ҳүрмет пенен еске ала отырып, өмирден ерте кеткенине жаны ашып қыйнала отырып. «Өмириниң бәри мийнет, тек тынымсыз мийнет пенен өтти. Енди ғана ул-қызлары да адам болып, мийнетлери де баҳаланып, уҳ! дегенде кетти де барды-аў», —дейди аҳ урып. «Енем пақыр қайтыс болғанда жас баладай еңиреп жылап еди-аў, «жетимлигимди билдирмеймен деп өзи қыйланса да мени әлпешлеп өсирип еди» деди, деп ол кисиниң анасына деген сүйиспеншилигин, жүрек төринен шыққан ҳүрмет-иззетин еске түсирип.

Ҳайдар аға көзиниң тирисинде еки улын уяға, үш қызын қыяға қондырып, ҳүрметли, сыйлы қуда болып, бирқанша ақлықларды сүйген бахытлы ата.

Бир улы, бир қызы юрист, бир улы илимий хызметкер, еки қызы ҳәм келинлери ата-ана жолын даўам еттириўши муғаллим болып халыққа хызмет етпекте. Ең кенже баласы болса жоқары оқыў орнында студент.

Ҳайдар Бабажан улының көп жыллық илимий педагогикалық хызметлери ҳүкиметимиз тәрепинен жоқары баҳаланды. Оған «Қарақалпақстанға мийнети сиңген илим ғайраткери» ҳүрметли атағы берилди. «Мийнетте ерлиги ушын» медалы менен, Қарақалпақстан Жоқарғы Кеңесиниң Ҳүрмет жарлықлары менен сыйлықланды.

Ҳайдар ағаның анасы Дәўлетбийкениң әрманы иске асты. Ол баласының оқып, илимли-билимли үлкен илимпаз алым, үлкен оқыў орнында жасларға тәлим-тәрбия бериўши устаз, ул-қызларға ата болғанын көрип қуўанды. «Кемликтиң кәмалы бар» деген усы дә.

## ЕКИ ӘКЕНИҢ БИР ҚЫЗЫ

Академик Ғайып аға Непесовтың қызы профессор Жүмек аға Орымбаевтың өз қызындай болып кеткен педагогика илимлериниң кандидаты, доцент Шүкир-Ғайповна Непесова басынан кешкен қыйыншылығын ҳәм қызығы мол өткен өмирине сер салса, әсиресе бири түркмен, бири қарақалпақ еки алымның дослығы, илимдеги қырлы соқпақлардан бирде сүринип, бирде жығылса да берилмей оны жеңиўде қол усласып бир-бирине демеў болып, бир нанды бөлисип жеп, оның ашшысы менен дуршысына теңдей көнип қуўаныш-қайғысына ортақласып, өмир бойы бир-бирин қоллағанлығы көз алдынан кетпейди. Не деген шынайы дослық, ҳақыйқый адамгершилик.

Жүмек аға Ғайып аға Непесов семьясының өз адамындай болса, ал Шүкиржанға өзиниң туўған әкесиндей ең жақын адамларының бирине айналып кеткен еди. Бир күни еки уллы алым дәстурхан басында көп гүрриңлесип отырды. Бир мәҳәли оларға шай әкелип жүрген Шүкиржанды Жүмек аға тоқтатып:

—Ғайып жора, қызымыз бизлерге өкпелеп жүрген жоқ па усы? Тек өзлери ғана илим менен шуғылланып бизлерге неге үйретпейди, екен деп. Егер келиссең, мен оны оқытып ҳақыйқый илимпаз етип шығарайын, — деди Шүкиржан күлимсиреп қарап. Шүкиржан бул



сөзди күтпегенликтен, бирден қатты қысынып кетти ҳәм уялғанынан төмен қарады.

—Жүмек достым. Шүкиржан оқыў питкерген жоқары билими бар муғаллим. Болмайма усы—деди күлип.

—Яқ жора, қәтелесесең.. Шүкиржан оқыўы керек. Мен өзим оған илимий басшы боламан. Шүкиржанның еки әкеси илим менен айналысып, ал оны Шүкиржан қызының даўам етпеўи әке дәстүрине қылаплық болмайма.

—Қойдым достым. Мен жеңилдим. Мейилилериң. Мен сизлерге қарсылық етпейmен.

Шүкиржан қуўанғанынан не ислерин билмей, қолындағы чайнек кеселерин түсирип ала жазлады. Жүмек аға өзи бас болып жүрип, қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институты ректор атынан жоллама алдырып, Ташкенттеги Низамий атындағы педагогикалық институтының аспирантурасына жибертгизди.

Шүкиржан жумысына илимий басшы болып, Жүмек ағаның өзи тастыйықланды. Темада белгиленди. Ол интернационализм темасы еди. Халықлар дослығының әжайып көриниси оның өз әкеси менен Жүмек ағаның гиршиксиз ҳадал дослығы оған илҳам күш-қуўат берди ҳәм усы тема бойынша илимий жумыс алып барыўды өзине мақсет етти. Буны Жүмек аға әкеси Ғайып аға да қоллап қуўатлады.

Тынымсыз излениўлер оны адам баласының әжайып дослығының сырлы ғәзийнесине жетеклеп дослықтың не бир сулыў көринислерин оның алдына жайып таслады.

Дүнья жүзи халықлары, олардың көрнекли искерлери алым-жазыўшылары-шайырлары дослық ҳаққында қаншелли толғанып сөз еткенлигин, келешек дүньяның жәмийеттиң ең тийкарғы ҳәрекетке келтириўши күш-тек ғана дослық татыўлық, меҳрибанлық ғамхорлық, бир-биреўге иззет-ҳүрмет болыўы кереклигин нәсият еткенлигин, оны иске асырыў қаншелли күш жигерди талап қылатуғынлығын аңғарды.

Әсиресе өсип киятырған жас әўладларды интернационализм руўхында тәрбиялаўдың күн тәртибинде турған ең баслы машқалалардың бири екенлигин, бул ҳаққында шайыр-жазыўшылардың әжайып шығармалар дөреткенлигин көрди ҳәм бул мәселелердиң өзиниң

илимий жумысының тийкары етип усы бағдарда изертлеў ислерин алып барды. Оған илимий изертлеў жумысларын табыслы жүргизиўинде жақыннан жәрдем еткен Низамий педагогикалық институтының профессор-муғаллимлери болды. Шүкиржан Непесова 1973-жылы «Қарақалпақ әдебияты сабағында ҳәм сабақтан тыс жумысларда IV-VIII класс оқыўшыларын интернационализм руўҳында тәрбиялаў» деген темадағы кандидатлық диссертациясын Ташкенттеги Низамий атындағы пединституттың илимий советинде табыслы жақлап шықты. Илимий советте шығып сөйлеген илимпазлар Шүкиржанның жумысына жоқары баҳа берди ҳәм оны совет педагогика илимине қосылған үлкен үлес деп есаплады.

Шүкиржан жақлап шыққанында; еки бирдей әкесиниң қатты қуўанғанлығын, оларды қутлықлап қолларын қысқан профессор Раджаповты көргенинде өзин дүньядағы ең бахытлы адамлардың биринен есаплап, төбеси көкке жетти Интернационализимниң әжайып көриниси, айқын жанлы мысалы, мине усы адамлар деп айтқысы да келди. Не деген қуўанышлы мәўрит еди... Шүкиржан Непесова қайтадан устазлық кәсибин даўам етиў ушын Қарақалпақ Мәмлекетлик педагогикалық институтының педагогика ҳәм психология кафедрасына келди. Онда Дәме Алламахова, Шайда Ниязымбетова, Алғазы Бекбасов, Қутмамбет Қосназаров ҳәм т. б. бирге жасларға тәлим-тәрбия бериў ислерин табыслы алып барды. Ол билимин көтериў үстинде тынымсыз ис жүргизди. Тәжирийбели устазлардан үйренди, кемис жерлерин педагогикалық әдебиятлардан толықтырды. Мектеплерге жийи-жийи барып, алдыңғы мектеп муғаллимлериниң сабақларына кирип, олардың усылларын үйренди ҳәм күнделикли сабақ бериў процессинде ең жақсы тәреплерин үлги сыпатында студентлерге усынып отырды.

—Шүкиржан менен гүрриңлескенимизде ол өз өмириниң эпизодларын еске алып:

—Мен Түркменстанның Ташаўыз областы Ташаўыз районының «Москва» колхозында туўылдым. 1950-жылы орта мектепти питкерип, усы жылы Марыдағы муғаллимлер институтының түркмен тили ҳәм әдебияты факультетине түсип, оны 1952-жылы тамамладым. Буған қанаатланбадым. Тағы оқығым келди. Усылай



етип 1953-жылы Ашхабадтағы М. Горький атындағы университеттиң филология факультетине оқыўға түстим ҳәм оны 1956-жылы питкерип шықтым. 1956-1958-жыллары Ташаўыздағы мектеплерде муғаллим болдым, қаладағы Пионерлер Сарайының директоры лаўазымында жумыс иследим.

Усы жыллары әкемниң Қарақалпақстанға келип, Қарақалпақстан Мәмлекетлик педагогикалық институтқа жумысқа өтиўине байланыслы менде усы кәрағакелип, институтқа кирдим. Усылай етип Қарақалпақстан мениң екинши туўған Ўатаным болды. Бул жерде өзимниң туўған әкемнен кем болмаған Жүмек аға Асқарович Орынбаевтың өз баласынан кем болмай, өсип жетилистим. Соңлықтан да мен өмирим бойынша халықлар дослығын қолыма туў етип услап, соны өзимниң күнделикли жумысларымда, лекцияларымда пропагандалап келемен. Интернационализм—халықлардың келешеги. Оның тийкары бурыннан баслап бүгин даўам етип, келешекте кең дослық имаратына айналыўы тийис. Мен оған исенемен. Себеби оған туўған әкемдей хызмет еткен Жүмек Орынбаевта кәмил исенди ҳәм өмирлериниң ақырына шекем интернационализмниң әжайып үлгилерин көрсетип кетти.— деди.

Аўа, қандай дурыс пикир. Бул ҳәр бир адамның, инсанның өмир кредосы болыўы тийис деген пикир басыма келди. Сонда ғана биз келешек дүнья халықларының дослық аўқамына өз үлесимизди қосқан боламыз.

Шүкиржан ҳақыйқый устаз, үлкен жүрекли тәлимгер. Қашан қарасаң да, оны студентлер дөгереклеп, өзлерин тәшўишлендирип жүрген мәселелер бойынша мәсләҳәт сорап, оның еринбей жуўап берип турғанлығын, гейде ўақыт кеш болса да кетпей кабинетте студентлер менен гүрриңлесип отырғанлығын көресең. Әсиресе қызлар оны өзлериниң ең жақын туўысқаныңдай, әжапасындай көреди. Кеўлинде жүрген қупыя сырларын ашып, кеңесин тыңлап, өзлерине оннан илҳам-мәдет алады. Әлбетте, Шүкиржан бул исенимге бирден ерисе алған жоқ. Ол көп жыллық тәжирийбениң, алдыңғы устазлары—өз әкеси Ғайып аға, илимий басшысы, әкесиниң жан досты Жүмек аға, кафедра басшысы болып көп жыллар ислеген Алғазы аға ҳәм тағы

басқа алымлардың оған берген үлгилериниң нәтийжеси еди. Шүкиржан Ғайпова көплеген илимий мийнетлердиң авторы. Оның қәлеминен 20 дан аслам илимий мийнетлер, мазмуны биреў—олда болса халықлар дослығы, жасларды интернационализм руўхында тәрбиялаў мәселелерине бағышланған.

Шүкиржан Ғайыповна Непесованың мийнетлерин республика ҳүкимети жоқары баҳалап, оны Қарақалпақстан Жоқарғы Совети Президумының Ҳүрмет грамотасы менен наградлады. Институт ректораты бирнеше мәртебе алғыснамалар жәриялады. Шүкиржан Ғайыповна ҳәзир күш қуўатқа толы. еле халыққа берери көп алым. Ол жасларды интернационализм руўхында тәрбиялаў, мәселелерине арналған үлкен илимий мийнет дөретиў үстинде жумыс алып бармақта. Оған буллисте үлкен интернационалист жүрекли әкелери профессорлар Ғайып аға Непесовтың, Жүмек аға Орынбаевтың руўхы яр болғай!

БИБЛИОТЕКА
Каракалпакск. госуниверситет им. Бердаха
Инв. № 438930
19



## МАЗМУНЫ

Үлгили устазлар (Қайырбаев Ж. . . . . . . 3
Педагогика илимлериниң туңғыш докторы (Қайырбаев Ж). 8
Жас жигиттей ғайратлы еди (Қайырбаев Ж). . . . . 12
Билим бағманы (Қайырбаев Ж). . . . . . . . . . 18
Устаз ҳәм Ана (Қайырбаев Ж.) . . . . . . . . . 21
Билимлендириў исиниң белгили ветераны (Қайырбаев Ж. . 24
Ҳақыйқый инсан, көрнекли алым (Доспанов О.) . . . . 29
Тил билиминиң көрнекли ўәкили (Доспанов О.) . . . . 32
Белгили алым-педагог (Доспанов О). . . . . . . . 37
Көрнекли әдебият изертлеўшиси (Доспанов О.) . . . . 41
Халқым айланады Сиздей устаздан (Доспанов О.) . . . 44
Кәсибинен кәмал тапқан устаз (Қайырбаев Ж.) . . . . . 51
Көрнекли устаз (Қайырбаев Ж). . . . . . . . . . 54
Экономика илимлериниң туңғыш докторы (Ерназиева Р.) 58
Еки әкениң бир қызы (Қайырбаев Ж.) . . . . . . 62

Қайырбаев Дж. Досданов У. Ернашева Р.

**ВИДНЫЕ НАСТАВНИКИ**

**На каракалпакском языке**

**Нукус «Билим» —1994**

Бас редактор **Есемуратов Қ.**
Редакция баслығы **Байлепесов Ө.**
Редактор **Ернашева Р.**
Художник **Насыров Б.**
Худ. редактор **Рейипназаров Қ.**
Тех. редактор **Жолмурзина Г.**
Корректор **Дәўлетбаева А.**

ИБ №555

Териўге берилген ўақты 22. 11 1993 ж. Басыўға рухсат етилген ўақты 10. 07. 94 ж. Қағаз форматы 84x108 1/32. Әдебий гарнитура. Кегль 10 Жоқары баспа усылында басылды. Көлеми 2.12 баспа табақ. 3,57 шәртли баспа табақ. 3,58. есап баспа табақ Нусқасы 2000 Буйыртпа №9, Баҳасы шәртнамабойынша.

«Билим» баспасы. 742000. Нөкис қаласы. Қарақалпақстан көшеси. 9.

Қарақалпақстан Республикасы Баспа сөз бойынша Мәмлекетлик комитетиниң Нөкис полиграфкомбинаты. 742000. Нөкис қаласы. Қарақалпақстан көшеси, 9.